***KONFLIK PSIKIS* PARAGATAMA ING *NOVEL WEDHUS GEMBEL GUNUNG MERAPI* ANGGITANIPUN SUCI HADI SUWITA (*KAJIAN PSIKOLOGI SASTRA*)**

**SKRIPSI**

Kaaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Sarana Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan

Dening:
Jundika Al Imroatuzzahrotul Bilad
10205241009

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA**
**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**
**2015**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan "*Konflik Psikis Paragatama Ing Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi Anggitanipun Suci Hadi Suwita*" menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken salebeting pandadaran.

Yogyakarta, 03 Februari 2015

Pembimbing

Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum

NIP 19621008 198803 2 001

ii

## PANGESAHAN

*Skripsi* kanthi irah-irahan "*Konflik Psikis Paragatama Ing Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi Anggitanipun Suci Hadi Suwita*" menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajenging Dewan Penguji tanggal 13 Februari 2015 saha dipuntetepaken lulus.

**DEWAN PENGUJI**

| **Asma** | **Jabatan** | **Tapak Asma** | **Tanggal** |
|---|---|---|---|
| Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. | Ketua Penguji | .......... | 24/02 2015 |
| Venny Indria Ekowati, S.Pd., M. Litt. | Sekretaris Penguji | .......... | 20/02 2015 |
| Drs. Afendy Widayat, M. Phil. | Penguji I | .......... | 20/02 2015 |
| Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum. | Penguji II | .......... | 20/02 2015 |

Yogyakarta, Februari 2015
Fakultas Bahasa Dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan

Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.
NIP 19550505 198011 1 001



iii

## WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

| | |
|---|---|
| Nama | : Jundika Al Imroatuzzahrotul Bilad |
| NIM | : 10205241009 |
| Progrm Studi | : Pendidikan Bahasa Jawa |
| Fakultas | : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta |

Ngandharaken bilihh skripsi menika saking garapanipun kula piyambak. Samangertos kula, skripsi menika boten ngewrat materi ingkang kaserat dening priyantun sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka sarana kangge dhasar panyeratan kanthi migatosaken tata cara saha paugeran panyeratan skripsi.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilihh wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jaweb kula piyambak.

Yogyakarta, 23 Januari 2015

Panyerat

Jundika Al Imroatuzzahrotul Bilad

# SESANTI

"Sopo Temen Tinemu" (Pitutur)

"Aja dhemen ngetung becike dhewe" (Pitutur)

"Aja nggege mangsa" (Pitutur)

## PISUNGSUNG

Kanthi linambaran pamuji sukur dhumateng Ngarsaning Gusti Allah SWT, skripsi menika kapisungsungaken dhumateng priyantun sepuh kula kekalih Bapak Sujoko saha Ibu Suparmi, ingkang tansah paring panggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, menapa dene sih katresnan.

## PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing Ngarsaning Gusti Allah SWT ingkang sampun paring panganyoman, satemah karaharjan, kabegjan, saha kabagyan tansah tumanduk dhateng panyerat, satemah Skripsi kanthi irah-irahan "*Konflik Psikis Paragatama Ing Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi Anggitanipun Suci Hadi Suwita*" saged purna kanthi lancar. Skripsi menika dipundamel kangge njangkepi sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng dosen pembimbing inggih menika Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M. Hum ingkang kanthi sabar saha wicaksana sampun paring bimbingan, panjurung, pamrayogi saha panyaruwe sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Atur panuwun ugi panyerat aturaken dhumateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmad Wahab, M.A., M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M. Hum. Minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati M, Hum minangka Penasehat Akademik ingkang sampun paring piwulang ing sadangunipun maguru
5. Dewan penguji sadangunipun Pendadaran Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saha pamrayogi satemah anggen kula nglampahi pandadaran menika saged katampi.
6. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng pnyerat.

7. Sedaya staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru satemah saged rancag ing sedayanipun.
8. Priyantun sepuh kula kekalih, Dek Zaki, Dek Galuh, Eyang Kakung, Eyang Putri saha sedaya kaluwarga ingkang sampun paring panjurung, pandonga miwah sih katresnan.
9. Mas Afif Bagus Setiawan, Mita, Kinanti saha Mas Arizal ingkang sampun paring pambiyantu anggen kula panaliten saha nyerat skripsi menika.
10. Kanca-kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2010 mliginipun kanca-kanca kelas A sarta sedaya pihak ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurung dhateng panyerat.

Panyerat ngrumaosi bilihh skripsi menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila saking menika sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jangkeping skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Ewa semanten panyerat ugi gadhah pangajeng-ajeng sageda skripsi menika migunani tumrap sinten kemawon ingkang maos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, 23 Januari 2015

Panyerat



Jundika Al Imroatuzzahrotul Bilad

**WOSING SERATAN**


Kaca

IRAH-IRAHAN ............................................................................ i

PASARUJUKAN ............................................................................ ii

PANGESAHAN ............................................................................ iii

WEDHARAN ............................................................................ iv

SESANTI ............................................................................ v

PISUNGSUNG ............................................................................ vi

PRAWACANA ............................................................................ vii

WOSING SERATAN ............................................................................ ix

DHAFTAR TABEL ............................................................................ xii

DHAFTAR LAMPIRAN ............................................................................ xiii

DHAFTAR CEKAKAN ............................................................................ xiv

SARINING PANALITEN ............................................................................ xv

BAB I PURWAKA ............................................................................ 1

- A. Dhasaring Panaliten ............................................................ 1
- B. Underaning Perkawis ............................................................ 5
- C. Watesaning Perkawis ............................................................ 6
- D. Wosing Perkawis ............................................................ 6
- E. Ancasing Panaliten ............................................................ 7
- F. Paedahing Panaliten ............................................................ 7
- G. Pangertosan ............................................................ 8

BAB II GEGARAN TEORI ............................................................................ 10

- A. Hakikat Novel ............................................................ 10
- B. Perwatakan ............................................................ 12
- C. Konflik ............................................................ 15
- D. Gegayutanipun Perwatakan kaliyan Konflik ............................................................ 18
- E. Psikologi Sastra ............................................................ 18
- F. Teori Psikoanalisis Sigmund Freud ............................................................ 19
- G. Mekanisme Pertahanan Ego ............................................................ 22

H. Panaliten Ingkang jumbuh …………………… .............................. 25
BAB III CARA PANALITEN .................................................................. 27
A. Jinising Panaliten ............................................................................ 27
B. Data kaliyan Sumber Data ............................................................ 27
C. Caranipun Ngempalaken Data ....................................................... 28
D. Pirantining Panaliten ....................................................................... 29
E. Caranipun Nganalisis Data ............................................................ 32
F. Caranipun Ngesahaken Data ......................................................... 33
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN ............... 35
A. Asiling Panaliten ............................................................................. 35
1. Sinopsis ........................................................................................ 37
2. Wujud Watakipun Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita........... 42
3. *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita....................... 44
4. *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ..................................... 46
5. Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*...................................... 50
B. Pirembaganipun ……………………………………….. ........... 54
1. Andharan Bab Wujud Watakipun Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita .................................................................................. 54
2. Andharan Bab Wujud *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita.................................................................................... 74
3. Andharan Bab *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita .................................... 81
4. Andharan Bab Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

Anggitanipun Suci Hadi Suwita.................................................. 93
BAB V PANUTUP ........................................................................ 105
A. Dudutan ........................................................................ 105
B. Implikasi ........................................................................ 107
C. Pamrayogi ........................................................................ 108
KAPUSTAKAN ........................................................................ 109
LAMPIRAN ........................................................................ 111

# DHAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1 : Data Wujud Watakipun Paragatama .................................... 42

Tabel 2 : Data Wujud *Konflik Psikis* Paragatama ............................... 44

Tabel 3 : Data *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama ...... 46

Tabel 4 : Data Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama .......... 52

## DHAFTAR LAMPIRAN


| | | Kaca |
|---|---|---|
| Lampiran 1 : | Sinopsis | 112 |
| Lampiran 2 : | Data Wujud Watakipun Paragatama .................................. | 117 |
| Lampiran 3 : | Data Wujud *Konflik Psikis* Paragatama ............................. | 131 |
| Lampiran 4 : | Data *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama ... | 144 |
| Lampiran 5 : | Data Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama ....... | 158 |

## DHAFTAR CEKAKAN

| | |
|---|---|
| *WGGM* | : *Wedhus Gembel Gunung Merapi* |
| lsp | : lan sapanunggalanipun |

**_KONFLIK PSIKIS_ PARAGATAMA ING _NOVEL WEDHUS GEMBEL GUNUNG MERAPI_ ANGGITANIPUN SUCI HADI SUWITA (_KAJIAN PSIKOLOGI SASTRA_)**

**Dening**

**Jundika Al Imroatuzzahrotul Bilad**

**NIM 10205241009**

## SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika kangge ngrembag babagan perwatakan saha konflik psikis paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita. Panaliten menika ngandharaken perwatakan, konflik psikis, perkawis ingkang njalari konflik psikis, saha cara anggenipun ngadhepi konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif* ingkang migunakaken pendekatan *psikologi sastra*. Data saking panaliten menika awujud *teks* ingkang nedahaken babagan perwatakan saha konflik psikis. Sumber datanipun saking *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita. Data dipunpanggihaken kanthi teknik maos saha nyerat. Caranipun nganalisis data migunakaken teknik *deskriptif*, kanthi cara: (1) *kategorisasi*, (2) *tabulasi*, (3) *interpretasi*, saha (4) *inferensi*. Panaliten menika migunakaken *validitas semantik*, inggih menika nafsiraken data saha migunakaken *reliabilihtas intrarater* saha *interrater*.

Perwatakan ingkang dipungadhahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita inggih menika prasaja, sopan, *rendah diri*, pasrah, purun nggatosaken, rumaos eling, gampil paring pangapunten/ *pemaaf*, lugu, narima, gadhah raos *ingin tahu*, ngayomi/ ngemong, hormat, saged dipunpitados/ *amanah*, rumangsan/ *sadhar diri*, sregep, welas asih, ngertos balas budi, mboten pengin urus/ *masa bodoh*, nurut/ patuh, setya bekti. Konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini inggih menika was sumelang, ajrih, sedhih, kaget, duka, isin, kesengsem, gugup, penasaran, cubriya, bingung. Perkawis ingkang njalari konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini wonten kathah, kadosta Salim mlebet Griya Sakit, menawi kaluwarganipun Salim boten sarujuk tumrap Darmini ingkang badhe dipunajak Salim gesang bebrayan, Darmini badhe ketabrak montor, Warti sowan dhateng dalemipun Darmini, saha Warti ketingal gadhah sesambungan kaliyan Salim, Cara kangge ngadhepei konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini migunakaken mekanisme pertahanan ego awujud *regresi, apatis, represi, asikep rasional, agresi,* mlebet wonten donya khayal *(fantasi)* , saha *pengalihan.*

# BAB I
# PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Pagesangan wonten masyarakat Jawi ingkang ngewrat kaluhuran budi ndadosaken masyarakat Jawi dipunkurmati dening priyantun saking suku saha tlatah sanesipun. Wonten ugi pendhudhuk sanes ndadosaken masyarakat Jawi menika minangka tuladha wonten ing pagesangan. Babagan menika dipunsebabaken masyarakat Jawi dipunwastani gadhah *nilai* pagesangan ingkang sae wonten ing masyarakat Indonesia ugi wonten donya umumipun. Andharan-andharan babagan pagesangan priyantun Jawi ingkang sae saged kapanggihaken wonten sedaya perangan pagesangan saha saking karyanipun masyarakat Jawi, satunggalipun wonten ing karya sastra.

Sastra inggih menika minangka satunggaling piranti *pencerminan* masyarakat. Kanthi karya sastra, satunggal priyantun saged ngandharaken perkawis pagesangan ingkang wonten ing padintenan utawi ingkang dipunlampahi panganggit piyambak. Karya sastra pikantuk pangaribawa saking masyarakat ananging ugi saged paring pangaribawa tumrap masyarakat. Karya sastra menika kathah wujudipun, satunggaling jinis karya sastra inggih menika awujud *novel*. *Novel* minangka satunggaling wujud karya sastra ingkang misuwur. *Novel* inggih menika cariyos *fiksi* ingkang awujud seratan utawi tembung-tembung saha gadhah *unsur intrinsik* saha *ekstrinsik*. Satunggaling *novel* limrahipun nyariosaken babagan *interaksi* pagesangan manungsa kaliyan *lingkungan* saha sesaminipun. Wonten satunggaling *novel*, panganggit gadhah ancas kangge nedahaken pamaos

tumrap gegambaran *realita* pagesangan kanthi cariyos wonten ing salebeting *novel* menika.

*Novel* minangka *bahan* wacana saged kaperang dados kalih jinis inggih menika karya *serius* saha karya *hiburan* utawi *populer*. *Syarat* utami *novel* inggih menika kedah narik kawigatosan, ngibur, saha nuwuhaken raos puas sasampunipun priyantun paripurna maos. *Novel serius* ingkang sae dipunwaos kangge nyempurnakaken dhiri. *Novel* ingkang sae inggih menika *novel* ingkang wosipun saged paring kasaenan tumrap pamaosipun. Dene *novel hiburan* namung dipunwaos kangge kapentingan *santai* kemawon. Ingkang wigati saged paring *hiburan* tumrap pamaosipun. Kanthi makaten saged dipunwastani bilihh *novel serius* gadhah *fungsi sosial,* dene *novel hiburan* namung gadhah *fungsi personal*. *Novel serius* gadhah *fungsi sosial* amargi saged ndherek mbangun *karakter* setunggal priyantun wonten ing pagesangan. Dene *novel hiburan* boten kedah saged mbangun *karakter,* ingkang wigati bilihh *novel* saged narik kawigatosan supados priyantun purun maos.

*Novel* gadhah kalih *unsur* inggih menika *unsur instrinsik* saha *ekstrinsik.* Ingkang kalebet *unsur intrinsik* inggih menika *tema, alur, latar, sudut pandang, penokohan,* saha *amanat*. Dene *unsur ekstrinsik* inggih menika *unsur* ingkang asalipun saking *luar* cariyos, kadosta *nilai moral,* agami, *sosial,* budaya, pendhidhikan, *ideologi* ingkang dados dhasar gesangipun panganggit, saha basanipun. Kalih *unsur* menika ingkang saged narik kawigatosan kangge dipuntliti. Panaliten menika badhe ngrembug babagan *tokoh* saha *penokohan*

saking *objek* satunggaling *novel* Jawi kanthi irah-irahan *Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita.

Suci Hadi Suwita menika satunggaling sastrawan Jawi saking Yogyakarta. Ibu Suci Hadi Suwita miyos ing Yogyakarta tanggal 21 Januari 1936. Sekolahipun pindhah-pindhah, pungkasan wonten ing kelas 2 SMAN 1 Surakarta. Ibu Suci mboten nate sinau ilmu sastra ing sekolahan. Nyerat sastra Jawa sepisanan nalika taun 1991, ndherek lomba nyerat geguritan ingkang dipunselenggarakaken dening Taman Budaya Yogyakarta kaliyan SSJY (Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta). Kanthi sinau wonten SSJY saha ndherek bengkel sastra ingkang dipunselenggarakaken dening SSJY, Bu Suci uga nganggit ing saselanipun pakaryan rutin ing saben dintenipun, inggih menika usaha abon sapi, kering kenthang, saha dhaharan klethikan. Buku yasanipun ingkang sampun kacithak menika awujud antologi geguritan, inggih menika (1) antologi geguritan *Megar* (2003) ngewrat 72 judhul guritan, saha (2) antologi guritan Bakal *Terus Gumebyar* (2010) ngewrat 105 judhul guritan. Kejawi menika, geguritan ugi kawrat ing antologi *Pemilihan Lurah*, *Pisungsung*, *Rembuyung*, saha *Panjurung*. Ugi ngrenggani majalah basa Jawi ing Ngayogyakarta inggih menika *Djaka Lodang*, *Pagagan*, saha *Bernas Minggu*.

*Novel* Jawi kanthi irah-irahan *Wedhus Gembel Gunung Merapi* menika *novel* ingkang sepisanan kacithak anggitanipun Bu Suci. *Novel* menika dados nalika taun 1994 lajeng saged kacithak nalika taun 2011. Cariyos wonten *novel* menika sae saha narik kawigatosan panaliti. *Novel* menika nyariosaken lelampahan gesangipun paragatama Darmini, kenya ingkang sukunipun pincang.

Paraga kalebet unsur ingkang wigati kangge mujudaken satunggaling karya sastra mliginipun *novel*. Saking paraga menika ingkang saged nuwuhaken alur cariyos langkung gesang malih. Paraga inggih menika pelaku ingkang nglampahi kadadosan wonten ing karya sastra saengga kadadosan menika saged mujudaken satunggaling cariyos. Jinising paraga wonten paragatama utawi paraga utama kaliyan paraga tambahan. Paragatama inggih menika paraga ingkang gadhah pangaribawa ageng tumrap cariyos, paraga ingkang paling kathah dipuncariyosaken, utawi paraga sentral wonten cariyos ingkang mangaribawani perkembangan *plot*. Dene paraga tambahan inggih menika paraga ingkang namung mboten wigati kangge njangkepi paragatama.

Babagan paraga, wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* nyariosaken paragatama ingkang gadhah nama Darmini. Darmini menika kenya ingkang sukunipun pincang anggenipun nglampahi gesang manggihaken perkawis werni-werni ingkang kedah dipunadhepi. Sedaya wau ndadosaken cariyos sangsaya mulet.

Adhedhasar babagan paraga kados ing inggil mliginipun babagan watak saha *konflik psikis* paragatama narik kawigatosan kangge dipuntliti ngangge pendekatan *Psikologi* Sastra kanthi *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud*. *Psikologi* Sastra menika kajian sastra kangge mahami aspek-aspek kejiwaan wonten ing karya sastra, dene *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud* kalebet wilayah kajian *psikologi* sastra. *Teori Psikoanalisis* gayut kaliyan fungsi saha perkembangan jiwa manungsa, paraga wonten karya sastra menika asiling perkembangan saking

mental panganggitipun. Miturut Freud, sastra ngewrat *psikoanalisa kepribadian* ingkang gadhah 3 unsur kejiwaan inggih menika *Id*, *Ego*, saha *Superego*.

Adhedhasar pemikiran kasebut, panaliti tertarik kangge mengkaji *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* saking aspek *psikologi* paraganipun. panaliten menika gadhah maksud kangge mangertosi gegayutan antawisipun *novel* kaliyan unsur *psikologi*.

## B. Underaning Perkawis

Adhedasar dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken ing inggil, wonten pinten-pinten perkawis ingkang saged dipunkaji wonten ing panaliten menika. Dene perkawis kasebut inggih menika:

1. Wujud watakipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipuntinjau kanthi *Teori Psikoanalisa Sigmund Freud*.
2. *Faktor* ingkang mangaribawani solah bawa paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
3. *Faktor* ingkang mangaribawani *perkembangan* jiwa ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
4. Wujud *konflik psikis* paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
5. *Faktor* ingkang njalari *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
6. Caranipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ngadhepi *konflik*.

7. Amanat panganggit wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.

## C. Watesaning Perkawis

Adhedasar underaning perkawis wonten nginggil, pramila saged dipunserat watesaning perkawis. Menika gadhah maksud supados panaliten punika langkung *fokus* saha mboten medal saking ancasing panaliten. Watesaning perkawis kasebut inggih menika:

1. Wujud watakipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipuntinjau kanthi *Teori Psikoanalisa Sigmund Freud*.
2. Wujud *konflik psikis* paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
3. *Faktor* ingkang njalari *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
4. Caranipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ngadhepi *konflik*.

## D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis wonten nginggil, saged kapanggihaken wosing perkawis. Wosing perkawis kasebut inggih menika:

1. Kados pundi wujud watakipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipuntinjau kanthi *Teori Psikoanalisa Sigmund Freud*?

2. Kados pundi wujud *konflik psikis* paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*?
8. Menapa kemawon *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*?
3. Kados pundi caranipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ngadhepi *konflik*?

## E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis wonten nginngil pramila ancasing panaliten inggih menika:

1. Kangge ngandharaken wujud watakipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipuntinjau kanthi *Teori Psikoanalisa Sigmund Freud*.
2. Kangge ngandharaken wujud *konflik psikis* paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
3. Kangge ngandharaken *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.
4. Kangge ngandharaken caranipun paraga Darmini ngadhepi *konflik* wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.

## F. Paedahing Panaliten

Panaliten punika gadhah paedah inggih menika:

1. Paedah *Teoritis*

Panaliten menika dipunkajengaken saged nambah asiling panaliten saha ngrembakakaken kawruh ing bidang sastra, khususipun gegayutan antawisipun sastra kaliyan *psikologi*. Minangka sarana refrensi kangge panaliten salajengipun mliginipun ingkang sami bab pirembaganipun.

2. Paedah *Praktis*

Panaliten menika dipunajab saged dipundadosaken minangka gegambaran panaliten salajengipun ingkang gayut kaliyan wujud watak saha konflik wonten ing karya *fiksi* kanthi tinjauan *psikologi* sastra. Asiling panaliten dipunkajengaken saged ningkataken *apresiasi* para peminat sastra.

## G. Pangertosan

1. Paraga, inggih menika paraga ingkang nglampahi prastawa wonten ing salebeting cariyos.
2. *Perwatakan*, inggih menika gegambaranipun watak utawi sipat tokoh utawi paraga ingkang mujudaken citra tokoh utawi paraga kasebut wonten ing cariyos.
3. *Konflik*, inggih menika perkawis ingkang asipat boten sae ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing salebeting cariyos.
4. *Novel*, inggih menika satunggaling karya *fiksi prosa* panjang kaserat kanthi cara *naratif* ingkang ngewrat rantaman cariyos pagesangan satunggaling priyantun kaliyan priyantun sanes wonten lingkunganipun kanthi nggatosaken watak saha solah bawa saben paraga.

5. *Psikologi sastra*, inggih menika kawruh babagan sastra ingkang nyinauni sastra dipuntingali saking proses kejiwaan.
6. *Psikoanalisis*, inggih menika perangan saking kajian Psikologi Sastra ingkang ngrembag babagan fungsi saha pangrembakaning mental manungsa.

# BAB II
# GEGARAN *TEORI*

## A. *Hakikat Novel*

Tembung *novel* asalipun saking basa Latin *novellas*, ingkang kabentuk saking tembung *novus* ingkang ateges ‘enggal’. Wonten ugi ingkang nyebutaken bilihh *novel* asalaipun saking basa Italia *novella* (wonten basa Jerman: *novelle*). Miturut harfiah *novella* ateges “satunggaling barang enggal ingkang alit”, ingkang salajengipun dipunmangertosi minangka cariyos cekak awujud prosa (Abrams wonten ing Nurgiyantoro, 2010: 9).

*Novel* inggih menika satunggaling karya fiksi prosa panjang kaserat kanthi cara naratif ingkang ngewrat rantaman cariyos pagesangan satunggaling priyantun kaliyan priyantun sanes wonten lingkunganipun kanthi nggatosaken watak saha solah bawa saben paraga. *Novel* minangka satunggaling karya fiksi kedah ngewrat unsur-unsur pembangun fiksi. Unsur-unsur pembangun fiksi wonten 2 inggih menika unsur intrinsik (*intrinsic*) saha unsur ekstrinsik (*extrinsic*). Kalih unsur menika ingkang kathah dipunsebut para kritikus nalika mengkaji saha nalika ngrembag *novel* utawi karya sastra umumipun (Nurgiyantoro, 2010: 23).

Unsur intrinsik inggih menika unsur-unsur ingkang mbangun karya saking lebet ingkang mujudaken struktur karya sastra. Kaperang dados 3 perangan inggih menika fakta cariyos, sarana cariyos, saha tema. Fakta cariyos menika perangan-perangan ingkang badhe dipuncariyosaken ing salebeting karya sastra (Sayuti, 2000: 29). Fakta cariyos antawisipun plot utawi alur, tokoh, saha latar. Plot utawi alur inggih menika peristiwa-peristiwa ingkang dipuncariyosaken wonten ing

rantaman wekdal tartamtu kanthi susunan adhedhasar hubungan sebab-akibat. Tokoh inggih menika paraga ingkang nglampahi peristiwa wonten ing cariyos, dene latar menika unsur ingkang nedahaken dhumateng pamaos papan saha wekdal peristiwa-peristiwa wonten cariyos kalampahan.

Sarana cariyos inggih menika teknik ingkang dipunginakaken panganggit kangge milih saha nata detil-detil cariyos dados pola ingkang bermakna. Ingkang kalebet sarana cariyos inggih menika sudut pandang, gaya, saha nada. Sudut pandang inggih menika kedudukan panganggit anggenipun nyajikaken cariyos, wonten sudut pandang orang kesatu kaliyan sudut pandang orang ketiga. Gaya saha nada minangka sarana cariyos gadhah gegayutanipun. Gaya menika sarana kangge nuwuhaken nada. Gaya menika minangka cara pamilihan basa ingkang khas dening satunggaling panganggit.

Unsur intrinsik ingkang pungkasan inggih menika tema. Tema inggih menika satunggaling bab ingkang dados pokok pikiran urawi pokok perkawis saking pengarang ingkang dipuntuwuhaken ing cariyos.

Unsur pembangun karya sastra ingkang angka kalih inggih menika unsur ekstrinsik. Unsur ekstrinsik menika unsur ingkang wonten ing saknjawinipun sastra piyambak. Kangge nindakaken pendekatan tumrap unsur ekstrinsik dipunbetahaken bantuan ilmu-ilmu kerabat kadosta sosiologi, *psikologi*, filsafat, lan sapanunggalanipun ingkang mangaribawani karya sastra menika.

## B. *Perwatakan*

Satunggaling unsur pembangun karya fiksi ingkang wigati inggih menika tokoh. Wontenipun tokoh mujudaken satunggaling rantaman cariyos. Tokoh inggih menika paraga ingkang nglampahi prastawa wonten ing cariyos. Paraga wonten salebeting novel limrahipun dipunparagaaken dening manungsa ingkang gadhah watak kados wonten ing pagesangan ingkang nyata.

Watak inggih menika sipat saking para paraga, langkung nedahaken kualitas pribadi satunggaling tokoh. Dene cara panganggit nampilaken tokoh utawi paraga dipunsebut *penokohan* (Aminuddin, 2011: 79). Menawi miturut Jones lumantar Nurgiyantoro (2010: 165) *"penokohan adalah pelukisan gambaran yang jelas tentang seseorang yang ditampilkan dalam sebuah cerita"*. *Penokohan* saged ugi dipunwastani *perwatakan* utawi *karakterisasi*. *Penokohan* sampun sekaliyan ngewrat babagan sinten paraga cariyos, kados pundi watakipun, saha kados pundi penempatan saha pelukisanipun wonten ing cariyos saengga saged paring gegambaran ingkang cetha dhumateng pamaos (Nurgiyantoro, 2010: 166).

Cara panganggit nggambaraken watak paraga utawi tokoh saged saking pinten-pinten cara, pramila menawi badhe nliti babagan *perwatakan* mbetahaken pandom utawa *metode* ingkang trep, *metode* menika dipunwastani *metode karakterisasi*. *Metode karakterisasi* inggih menika cara nggambaraken utawi cara nelaah watak tokoh (Minderop, 2013: 3). Nalika nemtokaken watak para paraga, umumipun panganggit ngginakaken kalih cara inggih menika kanthi cara langsung (*telling*) saha kanthi cara mboten langsung (*showing*).

*Metode* langsung (*telling*) andharan dipuntindakaken kanthi langsung dening panganggit. *Metode* langsung njangkep antawisipun *karakterisasi* lumantar namanipun paraga (*characterization through the use of names*), lumantar penampilan tokoh (*characterization through appearance*), saha lumantar tuturan panganggit (*characterization by the author*).

*Metode* mboten langsung (*showing*) inggih menika *metode* dramatik ingkang mboten nggatosaken panganggit, saengga para paraga wonten karya sastra saged nampilaken piyambakipun lumantar solah bawa saha dialog. Lumantar *metode karakterisasi* menika panaliti wonten ing panaliten menika saged manggihaken data.

Saking andharan menika, saged dipunpendhet dudutan bilihh perwatakan inggih menika gambaraning watak utawi sipat manungsa minangka paraga wonten salebeting novel.

Perwatakan saged dipungambaraken kanthi 3 cara inggih menika fisik, sosial, saha psikologis. Gambaran perwatakan dipuntingali saking fisikipun inggih menika gambaran paraga saking bentuk fisik utawi badanipun paraga kados dene ayu, pakulitane ingkang kuning, gagah saha sanesipun. Tuladhanipun *"Darmini senenge menganggo sandhangan polos sarwa tuwa, kayadene biru, abang, wungu, soklat, sok-sok ireng. Potongane ya enak disawang, sopan nanging mantesi. Dhasar kulite kuning, nganggo klambi wernane sarwa tuwa malah nambahi cetha yen kulite resik" (WGGM: 2)*. Kanthi cara fisik menika dipunandharaken bilih Darmini menika kenya ingkang pakulitane kuning saha resik. Gambaran perwatakan kanthi cara social inggih menika gambaran watak

paraga ingkang dipungayutaken kaliyan kahanan lingkunganipun. Tuladhanipun *"Darmini melu kumpulan Dasawisma. Apa kegiatan kang ana ing desa kono dieloni. Kejaba mung kumpulan karawitan ibu-ibu kang yen latihan ing wayah bengi. Ana Dasawisma dianakake arisan lan simpan pinjam, biyasane karo ngrungokake ceramah saka pengurus lan saka Puskesmas" (WGGM: 81)*. Saking tuladha menika dipunandharaken bilihh Darmini menika kenya ingkang purun srawung kaliyan lingkunganipun.

Salajengipun, gambaran perwatakan psikologis inggih menika gambaran watak paraga saking kejiwaanipun, kadosta remen ngalamun, remen piyambakan, asring nangis piyambakan lan sanesipun. Tuladha gambaran psikologis inggih menika *"Darmini dadi mikir, mikirke awake dhewe. Salawase iki dheweke tansah percaya karo awake dhewe, rumangsa bisa ngrampungi keruwetan-keruwetan sing nemahi anggane. Nanging bareng diomongi Salim ngono kuwi, kok banjur krasa, saiba senenge yen dheweke ana sing njaga. Darmini panggah meneng wae" (WGGM: 10)*. Gambaran perwatakan menika ngandharaken bilihh Darmini rumaos eling utawi *sadar diri*, gambaran menika saking pangraosipun paraga piyambak.

Sampun kaandharaken bilihh perwatakan saged dipungambaraken kanthi 3 cara inggih menika kanthi gambaran fisik, sosial, saha psikologis paraga, ananging wonten ing panaliten menika mboten badhe ngandharaken sedaya cara menika. Panaliten menika namung badhe ngandharaken perwatakan ingkang kagambaraken kanthi psikologisipun.

Jinising paraga miturut kedudukanipun kaperang dados kalih inggih menika paragatama utawi paraga utama kaliyan paraga tambahan. Miturut Nurgiyantoro (2010: 176) paragatama inggih menika paraga ingkang wigati sanget, paraga ingkang dipunutamakaken wonten ing cariyos utawi ingkang langkung kathah dipuncariyosaken. Dene paraga ingkang boten asring medal ing cariyos utawi namung kala-kala saha mboten wigati dipunsebut paraga tambahan.

Paraga-paraga wonten salebeting novel gadhah sipat piyambak-piyambak, wonten ingkang sae wonten ingkang mboten sae. Bedanipun sipat menika ugi saged mujudaken pamanggih ingkang beda ing antawisipun paraga. Bedanipun sipat saha pamanggih menika saged dados dhasar tuwuhipun *konflik* ing antawisipun paraga.

*Konflik* menika boten namung antawisipun setunggal paraga kaliyan paraga sanesipun,ananging wonten ing dhiri setunggal paraga piyambak ugi asring tuwuh *konflik*. *Konflik* ingkang tuwuh ing dhirinipun setunggal paraga dipunsebut *konflik psikis*.

## C. ***Konflik***

*Konflik* inggih menika samubarang ingkang *dramatik*, nedahaken pertarungan antawisipun kalih kekiyatan ingkang seimbang ingkang ngewrat wontenipun *aksi* saha *aksi* piwales (Wellek & Warren lumantar Nurgiyantoro, 2010: 122). *Konflik* saged dipungolongaken minangka samubarang ingkang asipat boten sae ingkang dipunlampahi dening paraga wonten ing salebeting cariyos (Meredith & Fitzgerald lumantar Nurgiyantoro, 2010: 122).

Tuwuhipun *konflik* saged dipunsebabaken dening sipating setunggal paraga ingkang beda kaliyan sipating paraga sanesipun. Saking *konflik* menika ugi saged paring pangaribawa tumrap watakipun paraga., tuladhanipun paraga ingkang sejatosipun gadhah sipat becik amargi pikantuk *konflik* lajeng watakipun dados ala. Para paraga wonten ing setunggal cariyos mesthi nglampahi *konflik* ingkang gegayutan, mliginipun paragatama. Paragatama minangka paraga sentral gadhah *konflik* ingkang langkung kathah tinimbang paraga tambahan. Kawruhipun panganggit kangge ngriptakaken *konflik* lumantar prastawa badhe paring pangaribawa tumrap kadar kemenarikan cariyos ingkang dipukasilaken (Nurgiyantoro, 2010: 122). Panganggit ingkang sae badhe ngriptakaken *konflik* ingkang ageng saha kompleks supados narik kawigatosanipun pamaos. *Konflik* ingkang kompleks, ingkang sangsaya muncak, klimaks dipunremeni dening pamaos. *Konflik* kagolong wigati wonten salebeting cariyos sastra mliginipun novel. *Konflik* menika satunggaling perangan ingkang mangaribawani lampahipun alur utawi plot. Tanpa wontenipun *konflik* ateges boten wonten cariyos.

Prastawa kaliyan *konflik* gadhah sambung rapetipun, *konflik* sajatosipun ugi kelebet prastawa. Miturut Nurgiyantoro (2010: 123) wonten prastawa ingkang saged nyebabaken *konflik*. Sawalikipun, amargi wonten *konflik*, prastawa-prastawa sanes saged tuwuh, sae prastawa fisik utawi batin. Prastawa fisik gayut kaliyan aktivitas fisik, wonten interaksi antawisipun paraga kaliyan samubarang ing sanjawinipun badanipun paraga, kadosta lingkungan. Dene prastawa batin kadadosan wonten ing salebeting batin utawi manahipun paraga.

*Konflik* kaperang dados kalih inggih menika *konflik eksternal* saha *konflik internal*. *Konflik eksternal* inggih menika *konflik* antawisipun paraga kaliyan samubarang saking sanjawinipun paraga, kadosta kaliyan paraga sanes, utawi lingkungan. *Konflik eksternal* dipunperang malih dados kalih inggih menika *konflik* fisik saha *konflik* sosial. *Konflik* fisik antawisipun manungsa kaliyan lingkungan alam, tuladhanipun *konflik* ingkang dipunlampahi paraga utawi manungsa nalika wonten banjir, gunung meletus. Dene *konflik* sosial antawisipun setunggal priyantun kaliyan priyantun sanes wonten ing pagesangan sosial.

*Konflik internal* inggih menika *konflik* ingkang wonten ing batinipun paraga. *Konflik* ingkang dipunlampahi antawisipun manungsa kaliyan dhiri pribadinipun. Tuladhanipun *konflik* antawisipun kalih pepenginan wonten dhirinipun piyambak. *Konflik internal* menika ingkang salajengipun saged dipunwastani *konflik psikis*.

Setunggal paraga saged nglampahi *konflik eksternal* utawi *internal*, wonten malih ingkang nglampahi kekalihipun sesarengan. *Konflik* ingkang dipunlampahi saged awujud *konflik* utama utawi *konflik* tambahan. *Konflik* utama menika ingkang dados inti lampahipun alur wonten ing cariyos. *Konflik* utama limrahipun dipunlampahi dening paragatama utawi paraga *protagonis*. Dene *konflik* tambahan asipat ndukung *konflik* utama saengga saged dipunsebut *konflik* pendukung.

Saking andharan ing inggil saged dipunpendhet dudutan bilihh *konflik* kaperang dados tiga inggih menika *konflik* fisik, sosial, saha *psikis*. Ananging wonten ing kasunyatanipun *konflik* fisik utawi sosial tansah dipunsarengi *konflik psikis*. Wonten ing panaliten menika namung badhe madosi *konflik* ingkang awujud *konflik psikis*.

## D. Gegayutanipun *Perwatakan* kaliyan *Konflik*

Miturut watakipun paraga saged dipunperang dados 2 inggih menika paraga *protagonis* kaliyan *antagonis*. Paraga *protagonis* inggih menika paraga ingkang gadhah sipat becik saha leres, dene paraga *antagonis* dados kosok balinipun, inggih menika paraga ingkang asipat mboten sae, culika.

Sampun kaandharaken ing inggil babagan *perwatakan* wonten karya sastra saha babagan *konflik*. Saking andharan ing inggil bilihh *konflik* saged tuwuh amargi wontenipun karakteristik *individual*. Watak paraga ingkang kalih wau ingkang saged nuwuhaken *konflik*. Paraga *antagonis* limrahipun mboten remen menawi paraga *protagonis* rumaos tentrem gesangipun, saengga paraga *antagonis* menika ingkang dados sumber *konflik* tumrap paraga *protagonis*.

## E. *Psikologi* Sastra

*Psikologi* asalipun saking tembung Yunani *psyche* ingkang ateges jiwa saha tembung *logos* ingkang ateges ilmu. Saengga *"psikologi berarti ilmu jiwa atau ilmu yang menyelidiki dan mempelajari tingkah laku manusia"* (Atkinson lumantar Minderop, 2013: 3). Dene sastra saged dipunwastani asiling pamikiran panganggit wonten situasi setengah sadhar utawi *subconscious* ingkang salajengipun dipunwujudaken wonten ing wujud sadar utawi *conscious* (Endraswara, 2004: 96). Karya-karya sastra nampilaken watak para paraga ingkang saged nyebabaken problem *psikologi*.

Andharan ing inggil menika ingkang mangaribawani tuwuhipun *Psikologi* sastra. *Psikologi* sastra inggih menika telaah sastra ingkang ningali sastra saking

proses saha aktivitas kejiwaan (Minderop, 2013: 54). Kanthi *psikologi* sastra panaliti saged nliti *perwatakan* paraga ing karya sastra miturut *psikologi*s saha saged nliti aspek-aspek *psikologi* panganggit saha kemampuan panganggit nalika nganggit karya kasebut. Satunggaling *teori* ingkang kaginakaken nalika nliti aspek Psikologi Sastra inggih menika *Teori Psikoanalisis* Sigmund Freud. Salajengipun badhe kaandharaken babagan *Teori Psikoanalisis* Sigmund Freud.

## F. *Teori Psikoanalisis* Sigmund Freud

Sigmund Freud, miyos ing Austria lan wafat ing London nalika yuswanipun 83 taun. Freud minangka neurology, mbangun gagasanipun babagan *teori psikologi* adhedhasar pengalamanipun ngadhepi para pasien ingkang ngalami perkawis mental (Eagleton lumantar Minderop, 2013: 10).

*Psikoanalisis* inggih menika wilayah kajian *psikologi* sastra (Endraswara, 2004: 101). *Teori Psikoanalisis* dipunpanggihaken dening Freud antawisispun taun 1890'an. *Psikoanalisis* gayut kaliyan fungsi saha perkembangan mental manungsa.

Miturut Freud wonten *teori psikoanalisis* menika struktur kepribadian manungsa dipunperang dados 3 unsur, inggih menika *Id*, *Ego*, saha *Superego*.

1. *Id*

*Id* wonten ing basa Jerman dipunsebut Das Es. *Id* inggih menika naluri ingkang ndhorong manungsa supados nuruti pepenginan saha kabetahan dasar (napsu) tanpa nggatosaken sakiwa tengenipun utawi mboten nggatosaken lingkungan kasunyatanipun. Miturut Endraswara (2004: 101) *Id* menika perangan

jiwa ingkang peteng ingkang wosipun insting saha nepsu ingkang mboten ningali nile-nile. *Id* kalebet wonten ing alam bawah sadar,. Cara kerja *Id* gayut kaliyan prinsip karemenan, tansah pados kanikmatan saha tansah mboten remen kaliyan situasi ingkang mboten nyaman.

Prinsip kanikmatan menika namung ngajengaken raos enak. Prinsip kanikmatan dipunproses kanthi cara tindak refleks kaliyan proses primer. Tindak refleks inggih menika reaksi otomatis ingkang wonten ing jiwanipun manungsa wiwit miyos kados luwe, ngelak, lan sanesipun. Dene proses primer inggih menika reaksi mbayangaken menapa kemawon ingkang saged ngirangi utawi ngicalaken raos ketegangan, tuladhanipun menawi luwe lajeng mbayangaken tetedhan.

Ananging, sedaya pangangen-angen kalawau mboten saged nyekapi kabetahan ingkang dipunkajengaken. Awit saking menika, kedah wonten cara sanesipun ingkang saged nyambungaken antawisipun pribadi kaliyan dunia obyektif. Cara ingkang dipunmaksud inggih menika *ego*.

2. *Ego*

*Ego* saged ugi dipunsebut Das Ich. *Ego* wonten ing antawisipun alam sadar kaliyan alam bawah sadar. *Ego* adhedhasar saking prinsip kasunyatan ingkang gadhah tugas minangka panengah antawisipun tuntutan *Id* kaliyan larangan *Superego*. *Ego* minangka kapribaden implemetatif inggih menika awujud kontak kaliyan dunia luar (Endraswara, 2004: 101).

Tugas *Ego* minangka fungsi mental utami, kaperang dados 2 tugas. Sepisan inggih menika milih prioritas kabetahan ingkang badhe dipunjangkepi. Ingkang

kaping kalih nemtokaken kapan saha kados pundi kabetahan wau dipunjangkepi adhedhasar kahanan saha resikonipun. Tuladhanipun: penalaran, penyelesaian masalah saha pengambilan keputusan (Minderop, 2013: 22).

*Ego* anggenipun nindakaken jejibahanipun kadang kala kedah nyawijikaken alangan utawi pertentangan. Alangan-alangan menika tuwuh saking pertentangan antawisipun Das Es (*Id*) kaliyan Das Ueber Ich (*Superego*).

3. *Superego*

*Superego* utawi Das Ueber Ich inggih menika stuktur ingkang ngewrat aturan ingkang asipat evaluative (nilai baik buruk). *Superego* gadhah tugas ngawasi saha ngalangi pemuasan napsu-napsu *Id*, ugi saged dipunsebut penyeimbang *Id*. Sedaya pepenginan saking *Id* dipunpenggalih dening *Superego* saderengipun dipuncekapi. *Superego* menggalih menapa pepenginan *Id* trep menapa mboten kaliyan nile-nile moral ing masarakat. *Superego* ngatur pundi solah bawa ingkang pikantuk dipuntumindakaken, pundi ingkang mboten pikantuk dipuntumindakaken.

*Superego* ugi saged dipunsebut kesadaran. *Superego* ngginakaken prinsip *id*ealis inggih menika *consiensce* saha *ego-ideal*. *Conscience* inggih menika raos dosa minangka ukuman, dene *ego-ideal* inggih menika raos bombong kangge awakipun piyambak minangka hadiah.

*Superego* wonten salebeting sastra mliginipun novel minangka sarana watesan tumindakipun para paraga ingkang pikantuk pangaribawa saking *Id*. Tugasipun nuntun para paraga supados saged ngatur *ego* anggenipun mendhet

keputusan saderengipun tumindak. Wonten ing novel, *superego* menika minangka sarana panganggit kangge nedahaken piwulang utawi amanat saking cariyos.

### G. *Mekanisme Pertahanan Ego*

Priyantun utawi setunggal paraga wonten ing cariyos ingkang nglampahi *konflik* mesthi gadhah pepenginan kangge medal saking *konflik* kasebut. Paraga mbetahaken usaha saha cara kangge ngadhepi *konflik* supados saged medal saking *konflik* kasebut. *Dorongan* kangge ngadhepi saha medal saking *konflik* menika saged dipunsebut *Mekanisme Pertahanan*. *Mekanisme pertahanan* saged kadadosan menawi wonten pangraos ingkang boten ngremenaken, lajeng tuwuh *dorongan* kangge madosi *objek* sanesipun ingkang saged nggantos pangraos ingkang boten ngremenaken kala wau saengga saged ndamel pangraos dados langkung ngremenaken.

Freud lumantar Minderop (2013: 29) migunakaken isltilah *mekanisme pertahanan* adhedhasar wonten *proses* alam bawah sadhar manungsa ingkang *mempertahankan* utawi njagi proses kalawau saking *anxitas (kecemasan)* amargi ancaman-ancaman *eksternal* utawi saking *impuls-impuls* ingkang tuwuh saking *anxitas internal* kanthi *mendistorsi realitas* ngangge maneka warni cara. Miturut teori kapribaden, *mekanisme pertahanan* minangka *karakteristik* ingkang kiyat wonten ing dhiri pribadi saben priyantun ingkang saged mangaribawani pangrembakaning kapribaden. *Mekanisme pertahanan* wonten maneka warni, inggih menika *represi, pengalihan, sublimasi, proyeksi,* asikep *rasional, reaksi formasi, regresi, agresi, apatis, fantasi,* saha *stereotype.*

*Represi* inggih menika *mekanisme pertahanan* ingkang paling kiyat saha wiyar. *Represi* gadhah tugas *menekan (repress)* nyurung medal *impuls-impuls Id* ingkang boten dipuntampi saking alam sadhar wangsul ing alam bawah sadhar supados *impuls-impuls* ingkang ngancam saged medal saking alam sadhar. *Pengalihan* utawi *displacement* inggih menika *pengalihan* pangraos boten remen tumrap setunggal *objek* dhateng *objek* sanes ingkang langkung trep. *Sublimasi* inggih menika bentuk saking *pengalihan*. *Sublimasi* saged kadadosan menawi wonten tumindak-tumindak ingkang gadhah paedah sosial ingkang saged nggantos pangraos ingkang boten ngremenaken.

*Proyeksi* kadadosan menawi priyantun ngadhepi kahanan ingkang boten dipunpengini saha boten saged dipuntrima kanthi nglimpahaken dhateng alesan sanes. Tuladhanipun *proyeksi* inggih menika nalika setunggal priyantun nutupi kalepatanipun kanthi nglimpahaken dhateng priyantun sanes. Asikep *rasional* kadadosan menawi *motif* nyata saking tindak-tanduk individu boten saged dipuntampi dening *ego*. *Motif* nyata kasebut lajeng dipungantos kaliyan *motif* sanes kangge *pembenaran*. Asikep *rasional* gadhah kalih ancas, inggih menika kangge ngirangi raos kuciwa nalika boten saged nggayuh menapa ingkang dipunkajengakaken saha kangge maringi *motif* ingkang saged dipuntampi dening tindak-tanduk.

*Reaksi formasi* inggih menika *represi* amargi *impuls anxitas* ingkang asring *bertolak belakang* kaliyan *tendensi* ingkang dipuntekan. *Reaksi formasi* saged nyegah priyantun nindakaken perkawis ingkang ngasilaken *anxitas* saha asring nyegah asikep *antisosial*. Cara salejengipun inggih menika *regresi*. *Regresi* saged

dipunperang dados kalih, kaping pisan *regresi* ingkang dipunsebut *retrogressive behavior*, inggih menika tumindaking manungsa ingkang kados lare alit, nangis, manja supados pikantuk kawigatosan saking priyantun sanes. Ingkang kaping kalih, *regresi primitivation*, inggih menika priyantun ingkang sampun dewasa ananging asikep kados priyantun ingkang boten mangertos babagan budaya saha kecalan *kontrol* saengga boten asring gelut kaliyan priyantun sanes.

*Agresi* saged awujud langsung (*direct aggression*) saha *pengalihan* (*displaced aggression*). *Agresi* langsung inggih menika *agresi* ingkang dipunandharaken kanthi langsung dhateng priyantun utawi objek ingkang dados sumber *frustasi*. *Agresi* langsung saged awujud *verbal* saha *fisikal*. *Agresi* ingkang dipunalihaken inggih menika priyantun nglampahi *frustasi* ananging boten saged ngungkapaken kanthi langsung dhateng sumber *frustasi*nipun. *Apatis* inggih menika *reaksi* saking *frustasi* awujud raos apatis kanthi cara narik dhiri saha pasrah.

*Fantasi* inggih menika cara kangge ngadhepi perkawis ingkang kathah. Kadhang kala amargi saking kathahipun *konflik* ingkang dipunlampahi dening setunggal priyantun, lajeng piyambakipun madosi solusi kanthi cara mlebet wonten ing donya khayal, solusi ingkang adhedhasar *fantasi* katimbang realitas. *Stereotype* kadadosan amargi priyantun ngraos *frustasi*, inggih menika kanthi ngetingalaken tumindak ingkang boten wonten paedahipun ingkang dipunambali terus-terusan saengga ketingal aneh.

## H. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika:

1. Panaliten dening Ari Wulandari (2012) kanthi irah-irahan *"Perwatakan Tokoh Utama Dalam Novel Cintrong Paju-Pat Karya Suparto Brata (Sebuah Kajian Psikologi Sastra)"*. Panaliten menika jumbuh amargi ngangge jinis saha *pendekatan* ingkang sami inggih menika *Psikologi Sastra*. *Objek* panalitenipun ugi sami inggih menika *perwatakan* saha *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama. Sumber datanipun ugi sami inggih menika saking *novel*.
2. Panaliten ingkang irah-irahanipun *"Konflik Psikologis Paragatama Wanita Wonten Salebeting Cerbung Ara-ara Cengkar Tanpa Pinggir Anggitanipun Adinda AS ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 31 Juli-20 Nopember 2010"*. Panaliten menika dipuntindakaken dening Murniatun Hidayah (2013). Panaliten menika sami ngginakaken *Pendekatan Psikologi Sastra*. Sanesipun, panaliten dening Murniatun Hidayah menika ugi gadhah *objek* panaliten ingkang sami inggih menika wujud *konflik psikis* saking paragatama. Ananging wonten panaliten Murniatun Hidayah katambahan *objek* sanes inggih menika sebabipun *konflik psikis*, kupiya paragatama mungkasi *konflik*, saha *perkembangan* kapribaden paragatama.
3. Panaliten dening Andri Kurniawan (2013) kanthi irah-irahan *"Konflik Psikologis Paragatama Wonten ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian Psikologi Sastra).* Panaliten menika jumbuh amargi ngangge *pendekatan* ingkang sami inggih menika *Psikologi*

*Sastra*. Panaliten dening Andri Kurniawan ugi gadhah *objek* wujud perwatakan saha wujud *konflik* paragatama. Ananging ingkang beda, panaliten dening Andri Kurniawan menika katambahan *objek* sanes inggih menika wataking paragatama wonten salebeting wujud *konflik psikis* saha *struktur* kapribanipun paragatama.

# BAB III
# CARA PANALITEN

## A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif* kanthi *pendekatan Psikologi Sastra*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang wujudipun andharan saking asiling analisis perkawis mliginipun andharan babagan wujud watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik* ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.

*Pendekatan Psikologi Sastra* menika dipunginakaken amargi datanipun bab ingkang gayut kaliyan *psikologi* ing salebeting karya *sastra*. *Psikologi sastra* menika gadhah ancas kangge mahami *aspek-aspek kejiwaan* ing salebeting satunggaling karya (Ratna, 2011: 342) dene *Teori Psikologi Sastra* ingkang dipunginakaken inggih menika *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud*.

## B. Data kaliyan Sumber Data

Panaliten menika awujud panaliten pustaka ingkang datanipun awujud *teks* ing *novel* ingkang nedahaken bab watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*. Sumber datanipun inggih menika *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita ingkang jumlah kacanipun 168 kaca.

## C. Caranipun Ngempalaken Data

Panaliten menika kalebet panaliten pustaka saengga cara ngempalaken datanipun kanthi maos saha nyerat data. Maos dipuntindakaken kanthi cermat, wongsal-wangsul supados data ingkang dipunkempalaken saestu ingkang gayut kaliyan *fokus* panaliten inggih menika babagan watakipun paragatama saha *konflik psikis* paragatama.

Cara maos ingkang dipuntindakaken inggih menika:

1. Maos sedaya wosing *novel* ingkang dipunpilih minangka *fokus* panaliten. Wonten panaliten menika ingkang dados *fokus* panaliten inggih menika watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*.
2. Maringi tandha-tandha utawi titikan wonten ing perangan-perangan *teks* ingkang dipunraos ngandhut bab ingkang dados *fokus* panaliten.
3. *Menginterpretasikan* utawi damel *tafsiran* kangge bab watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*.
4. Dipundamel andharan saking sedaya data ingkang dipunpanggihaken saha dipunpilih saking cara maos menika.

Sasampunipun maos kanthi cermat, cara salajengipun inggih menika nyerat data wonten ing kertu data ingkang dipunsiapaken. Lampahanipun inggih menika:

1. Nyerat sedaya asil *deskripsi* inggih menika babagan watakipun, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*.

2. Nyerat pethikan-pethikan data saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang awujud ukara utawi *paragraf*.

**D. Pirantining Panaliten**

Wonten ing panaliten menika piranti ingkang dipunangge inggih menika awujud kertu data. Kertu data menika awujud tabel kangge nyerat data-data ingkang dipunpanggihaken saking cara maos *novel*.

Modhel kertu data kados makaten:

***Tabel 1:*** Data Wujud Watakipun Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Pethikan Data** | **Kaca** | **Wujud watakipun** | ***Stuktur Kepribadian*** | | | **Kat.** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ***Id*** | ***Ego*** | ***Superego*** | |
| | | | | | | | |

Katrangan Tabel:

- Nomer data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet
- Pethikan data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Kaca, inggih menika nedahaken nomer kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Wujud watakipun, inggih menika wosing spesifikasi watakipun paraga Darmini wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- *Struktur Kepribadian*, inggih menika penggolongan jinis watak adhedhasar *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud*, inggih menika *Id*, *Ego* saha *Super Ego*

- Katrangan, inggih menika andharan saking wujud watakipun adhedhasar *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud,* inggih menika *Id, Ego* saha *Super Ego*

***Tabel 2:*** Data Wujud *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Pethikan Data** | **Kaca** | **Wujud *Konflik Psikis*** | ***Stuktur Kepribadian*** | | | **Kat.** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ***Id*** | ***Ego*** | ***Superego*** | |
| | | | | | | | |

Katrangan Tabel:

- Nomer data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet
- Pethikan data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Kaca, inggih menika nedahaken nomer kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Wujud *Konflik Psikis*, inggih menika wosing spesifikasi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- *Struktur Kepribadian*, inggih menika penggolongan jinis watak adhedhasar *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud,* inggih menika *Id, Ego* saha *Super Ego*
- Katrangan, inggih menika andharan saking wujud watakipun adhedhasar *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud,* inggih menika *Id, Ego* saha *Super Ego*

***Tabel 3:*** Data *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Pethikan Data** | **Kaca** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Paraga ingkang ndadosaken *konflik*** | ***Faktor* ingkang Njalari *Konflik*** |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

Katrangan Tabel:

- Nomer data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet
- Pethikan data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Kaca, inggih menika nedahaken nomer kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Wujud *Konflik Psikis*, inggih menika wosing spesifikasi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Paraga ingkang ndadosaken *konflik*, inggih menika paraga ingkang njalari tuwuhipun *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paragatama
- *Faktor* ingkang njalari *konflik*, inggih menika *faktor-faktor* ingkang njalari tuwuhipun *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paragatama

***Tabel 4:*** Data *Caranipun Ngadhepi Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Pethikan Data** | **Kaca** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Caranipun Ngadhepi *konflik*** | ***Konteks* Cariyosipun** |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

Katrangan Tabel:

- Nomer data, inggih menika nomer urutipun data ingkang dipunpendhet
- Pethikan data, inggih menika kutipan data ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Kaca, inggih menika nedahaken nomer kaca saking kutipan ingkang dipunpendhet saking *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Wujud *Konflik Psikis*, inggih menika wosing spesifikasi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi paraga Darmini wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*
- Caranipun ngadhepi *konflik*, inggih menika kados pundi cara ingkang dipuntindakaken paragatama kangge ngadehepi *konflik* ingkang dipunlampahi
- *Konteks* cariyosipun, inggih menika adhedahasar saking pethikan data

## E. Caranipun Nganalisis Data

Cara nganalisis data ingkang trep kaliyan perkawis panaliten inggih menika cara nganalisis *deskriptif*. Cara nganalisis *deskriptif* inggih menika mahyakaken data kados kawontenan ingkang saestu kanthi pengolahan kaliyan *penafsiran* ingkang objektif. Lampahanipun kados makaten:

1. *Kategorisasi*

   *Kategorisasi* inggih menika mengkategorisasikan utawi ngempalaken data miturut *kategori* ingkang sampun dipuntemtokaken jumbuh kaliyan wosing panaliten inggih menika wujud watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik* ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*.

2. *Tabulasi*

   Wonten ing *tabulasi* data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunlebetaken utawi dipunserat wonten ing tabel.

3. *Interpretasi*

   *Interpretasi* inggih menika mahyakaken asiling *kategorisasi* dipungayutaken kaliyan *Pendekatan Psikologi Sastra* kanthi *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud*.

4. *Inferensi*

   *Inferensi* inggih menika simpulan utawi dudutan adhedhasar data ingkang sampun dipunkasilaken.

## F. Caranipun Ngesahaken Data

Caranipun ngesahaken data wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas* kaliyan *reliabilihtas*.

*Validitas* data dipunuji kanthi *validitas semantik*, inggih menika kanthi negesi data ingkang jumbuh kaliyan *konteks* ukaranipun. Dene *reliabilihtas*

dipuntindakaken kanthi cara *reliabilihtas Intrarater* inggih menika cara maos kanthi dipunambali saengga pikantuk data ingkang *konsisten*. Kejawi menika ugi ngginakaken *reliabilihtas Interrater* ingkang dipuntindakaken kanthi cara rembagan kaliyan kanca ingkang mangertos kawruh babagan *Psikologi Sastra*, lajeng saged kanthi *konsultasi* kaliyan Dosen Pembimbing.

# BAB IV
# ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

## A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten saking panaliten menika awujud data bab wujud watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*. Asiling panaliten menika dipunandharaken kanthi ngginakaken tabel saha dipunandharaken langkung jangkep wonten ing salebeting pirembagan.

Panaliten menika ngginakaken *pendekatan psikologi sastra*, kanthi *teori psikoanalisis* saking Sigmund Freud. *Psikoanalisis* menika kalebet kawruh *psikologi* ingkang ngrembag bab *fungsi* saha *perkembangan mental* manungsa. *Psikoanalisis* menika ngandharaken struktur kapribaden manungsa ingkang dipunperang dados tigang perangan inggih menika *Id*, *Ego*, saha *Super Ego*.

Gegayutan antawisipun *pendekatan psikologi sastra* kaliyan panaliten menika bilihh ingkang dados *fokus* panaliten kalebet perkawis jiwa paraga wonten salebeting karya sastra. Perkawis menika dipuntliti ngginakaken elmu *psikologi*. Salajengipun, pendekatan *psikologi sastra* dipunginakaken kangge nliti sastra saking *cara pandang psikologi* supados dipunpanggihaken data *psikologi* ingkang trep kaliyan *fokus* panaliten menika.

Panaliten menika gadhah subjek *novel* ingkang irah-irahanipun *Wedhus Gembel Gunung Merapi* kanthi objek wujud watakipun paragatama, *konflik psikis* paragatama, *faktor* ingkang njalari *konflik psikis* paragatama, kaliyan caranipun paragatama ngadhepi *konflik*. Paraga wonten novel menika kathah, antawisipun

Darmini, Salim, Mbok Soma, Mbok Marto, Pak Marto, Darto, Kuwato, Suradi, Siti, Pak Duryat, Mbok Sunah, Harti, Pak Garda, lsp. Ananging, ingkang dados paragatama inggih menika Darmini, dene sanesipun dados paraga tambahan. Paraga Darmini dados paragatama amargi wonten ing novel menika langkung kathah nyariosaken pagesangan ingkang dipunlampahi dening Darmini. Darmini menika kenya ingkang sukunipun pincang, anggenipun nglampahi gesang manggihaken perkawis werni-werni kaliyan paraga sanesipun, kadosta garwanipun piyambak, Salim ugi kaliyan paraga-paraga sanesipun ingkang kedah dipunadhepi. Sedaya wau ndadosaken cariyos sangsaya mulet.

Tema saking *novel* menika mendhet saking pagesangan padintenan setunggal masarakat kanthi maneka werni paraga, watak saha perkawisipun, mliginipun perkawis babagan katresnan tumrap kaluwarga. Tema menika njalari panaliti kangge mendhet irah-irahan kanthi *pendekatan Psikologi Sastra* mliginipun babagan *konflik psikis* amargi tema kala wau ngewrat perkawis-perkawis ingkang dipunlampahi dening paraga ing salebeting kaluwarga. Kaluwarga menika priyantun-priyantun ingkang wigatos sanget wonten ing pagesangan, saengga bilihh wonten perkawis utawi *konflik* wonten salebeting kaluwarga mesthinipun saged nuwuhaken raos boten sekeca utawi *beban pikiran* ingkang mangaribawani psikis utawi jiwa setunggal priyantun. Tuladhanipun inggih menika paraga Darmini ingkang rumaos was sumelang tumrap garwanipun piyambak, Salim nalika Salim medal saking griya sakit. Paraga Salim ingkang rumaos kaget nalika mangertosi bilihh ingkang dados semahipun menika jebul rayinipun piyambak.

Lajeng paraga Harti ingkang rumaos sedhih nalika simbokipun kedah dipunpenjara amargi sampun nyamber Salim saha Pak Duryat ngangge peso, lsp.

Wonten panaliten menika namung nliti paragatamanipun kemawon amargi paragatama menika dados paraga ingkang dipunutamakaken panyariosipun wonten ing *novel*. Amargi paragatama langkung asring dipuncariosaken saha wonten gayutipun kaliyan paraga sanesipun, sanget nemtokaken ngrembakanipun *plot* wonten cariyos. Paragatama menika ingkang asring nglampahi *konflik*.

Adhedhasar babagan tema saha paraga kados ing inggil, mliginipun babagan watak saha *konflik psikis* paragatama narik kawigatosan kangge dipuntliti ngangge pendekatan *Psikologi* Sastra kanthi *Teori Psikoanalisis Sigmund Freud*. Panaliti mendhet *objek* paragatama amargi paragatama menika ingkang dados pusatipun cariyos ingkang nglampahi pinten-pinten perkawis utawi *konflik*.

### 1. *Sinopsis Wedhus Gembel Gunung Merapi*

Paragatamanipun Darmini ingkang samparanipun pincang, ananging narik kawigatosanipun Mas Salim nalika montoripun ingkang dipunboncengi Mas Salim badhe nabrak Darmini ingkang boten saged mlampah rikat amargi samparanipun pincang wonten ing margi Malioboro. Makaten sepisanan nalika Darmini kaliyan Salim kepanggih wonten ing iringan Toko Ramai ing Beskalan, Yogya. Wiwit saking kadadosan menika, Darmini kaliyan Salim sangsaya rumaket anggenipun kekancan.

Saderengipun tepang kaliyan Darmini, Salim nate kesenggol donya pelanyahan. Pacar ingkang sepisanan kangge Salim inggih menika wanita ingkang

langkung sepuh tinimbang Salim saha sampun kagungan garwa saha putra, Surtini namanipun. Nalika semanten Salim dados pegawai losmen ing kampung Sosrowijayan. Lajeng salim dados tepang kaliyan wanita pelanyahan sanesipun. Salim pikantuk samben dados *perantara* madosaken kanca turu tamu-tamu ingkang mbetahaken.

Salim rumaos sampun niyat serius badhe gesang bebrayan kaliyan Darmini. Salim ngajak Darmini sowan dhateng kulawarganipun Darmini ing Ndhogaten. Darmini gesang namung kaliyan simbokipun, Mbok Soma saha rayinipun, Darto. Sasampunipun sowan dhateng kaluwarganipun Darmini, lajeng Salim ngajak Darmini sowan dhateng kaluwarganipun Salim. Wonten bapakipun Salim sanadyan namung bapak sambung, Pak Marto, simbokipun Mbok Marto, rayinipun Salim, Kuwato, Suradi, saha Siti. Sepisanan kepanggih kaliyan Darmini, Mbok Marto rumaos bilihh praenipun Darmini memper kaliyan setunggal priyantun, ananging boten dipungagas sanget. Kaluwarganipun Salim sarujuk tumrap niyatipun Salim kaliyan Darmini kangge gesang bebrayan. Sasampunipun rabi Darmini kaliyan Salim manggen wonten ing Dongkelan.

Setunggal dinten Gusti Allah paring pacoban. Nalika Darmini saking blanja, Darmini sampun ditengga tamu putri wonten emperan dalemipun. Tamunipun ngendika bilihh badhe madosi Mas Salim badhe nyuwun arta anggenipun ngginakaken kala emben. Darmini boten mangertos tumrap ingkang dipunngendikakaken tamunipun. Darmini nyuwun pirsa arta ingkang dipunmaksud arta menapa, lajeng tamunipun balik taken menapa Darmini boten mangertos sambenipun Mas Salim. Darmini sangsaya geter anggenipun mirengaken. Barang

Salim kondur saking makarya, Darmini nyariosaken bilihh wau wonten tamu, lajeng nyuwun pirsa dhateng garwanipun ingkang leres kados pundi kanthi polatan ingkang sedhih. Pungkasanipun, Salim nyariosaken bilihh kala emben saderengipun tepang kaliyan Darmini, Salim nate kesenggol donya pelanyahan. Salim gadhah samben dados *perantara* madosaken kanca turu tamu-tamu losmen ingkang mbetahaken. Mangertosi babagan menika Darmini lajeng ngengken garwanipun supados sambenipun dilereni mawon.

Wiwit makarya wonten losmen Sosrowijayan Salim pikantuk pangalembana saking Pak Garda, juragan ingkang gadhah losmen. Lajeng Salim pikantuk jejibahan kangge mandhegani losmen "Sari Asih" wonten Kaliurang. Salim manggen wonten Kaliurang kaliyan Mbok Nah saha Harti, putrinipun Mbok Nah. Mnok Nah menika ingkang ngurus pawon. Nate Salim taken babagan bapakipun Harti. Mbok Nah anggenipun mangsuli malah kados priyantun ingkang saweg duka, kuciwa. Bapakipun Harti ninggalaken Mbok Nah ngaten mawon tanpa pamit nalika Mbok Nah taksih ngnadhut Harti. Sepisanan Salim kober namataken Harti, lha kok jebul bathuk saha alise Harti memper kaliyan Darmini. Nalika Salim, Mbok Nah kaliyan Harti saweg sami jagongan, kapunggel jalaran wonten tamu kakung pados penginapan. Tamunipun sampun setengah sepuh. Salim radi gumun tumrap polatanipun Mbok Nah nalika ingkang sajak gethem-gethem nalika wonten tamu kakung menika. Salim taken wonten menapa, Mbok Nah mangsuli boten menapa-menapa. Tamu menika namanipun Pak Duryat. Namataken Pak Duryat Salim rumaos bilihh bathuk lan alisipun Pak Duryat memper kaliyan Harti, menapa Pak Duryat bapakipun Harti, mula Mbok Nah uring-uringan. Enjingipun

Mbok Nah ningali bilihh Pak Duryat maringi arta kangge Harti nalika badhe sekolah, Mbok Nah ketingal duka sanget. Mbok Nah sampun boten kiyat ngampet duka, lajeng kepanggih kaliyan Pak Duryat. Saking menika lajeng dipunmangertosi bilihh Harti leres larenipun Pak Duryat kaliyan Mbok Nah. Saking mangkele Mbok Nah ngantos nguncalaken peso marang Pak Duryat. Salim ingkang mireng wonten ingkang rame-rame, badhe misah jebul boten ngertos sangkaning bilahi, peso wau nyrempet astanipun Salim. Peso wau bablas ngenani Pak Duryat, banjur ambruk. Tujune Pak Garda ingkang gadhah losmen benjing menika mertinjo dhateng Kaliurang. Lajeng Salim saha PakDuryat dibekta dhateng griya sakit Bethesda. Pak Garda ugi lapor dhateng kantor polisi Sektor Pakem saperlu lapor perkawis ing losmen. Salim ngengken Pak Garda kangge ngabari kaluwarganipun.

Mireng kabar boten sae babagan Salim, kulawarga dados kuatir sanget. Sedaya kaluwarga gage pengin ningali kawontenanipun Salim. Mbok Soma dugi rumiyin wonten griya sakit. Sasampunipun nuweni Salim, banjur nuweni Pak Duryat. Kepanggih kaliyan Pak Duryat, Mbok Soma njerit, “Kang Darmono?”. Jebul Pak Duryat menika bapakipun Darmini ingkang nalika semanten namanipun Darmono. Salajengipun, Mbok Marto dugi griya sakit. Sasampunipun kepanggih Salim, banjur diajak Salim nuweni Pak Duryat. Mbok Marto kaget nalika kepanggih Pak Duryat ingkang dipunkenal kanthi nama Sarip. Jebul Salim ugi putranipun Pak Duryat. Salim ngendika dhateng Mbok Marto bilihh Harti saha Darmini ugi larenipun Pak Duryat, ananging Salim ngengken supados boten sisah dipuncariosaken dhateng sanesipun.

Nalika Salim sampun rumaos mantun, piyambakipun banjur tindak makarya malih wonten Kaliurang. Ananging, Darmini rumaos bilihh Mas Salim beda boten kados Mas Salim kados rumiyin. Salim kanthi pinter saged ngeyem-yemi Darmini. Mbok Marto ingkang boten kiyat nyimpen perkawis ageng menika lajeng gerah ngantos seda. Babagan Mbok Sunah sampun seminggu wonten tahanan Kantor Polisi, Salim kaliyan Pak Duryat nuweni. Salim saha Pak Duryat boten mrekarakaken Mbok Nah. Lajeng Pak Duryat kaliyan Mbok Nah balen, Salim ndherek bungah.

Sasi November 1994, Pak Duryat saha Mbok Nah ingkang samenika dados Bu Duryat dhateng wonten losmen “Sari Asih” kangge nostalgia. Salim pikantuk uleman manten saking dusun Turgo, tanggal 22 November 1994 siyang, mila Salim lajeng ajak-ajak Pak Duryat kangge kanca wonten margi.

Saweg enak-enak nyawang kaendahaning alam ingkang gumelar wonten perenging Gunung Merapi, wonten kaendahan sanes ingkang nggegirisi. Wedhus gembel Gunung Merapi ambyuk ing dusun Turgo sakiwa tengenipun. Griya ingkang katrajang sami kobong, mesthi mawon ingkang wonten salebeting griya sami gosong.

Salim saha Pak Duryat ingkang lenggah ngandhap wit boten saged nggiwar malih. Sanalika priyantun kekalih mlonyoh ketrajang awan panas Gunung Merapi.

“Pak, Pak Sarip. Kula Sali anak Sampeyan. Anake Surti saking Bangi. Pak, galo Simbok pun ngawe-awe ngajak awake dhewe, mangga gek digelak olehe tindak.”

Pak Duryat ingkang sampun mlonyoh megap-megap taksih saged mangsuli. “Kowe anake Surti? Oh …, bener kuwi nak Salim? Teneh kowe ngrabi adhimu dhewe. Gusti Allah …, nyuwun ngapura … Oh …,” les tanpa swanten.

## 2. Wujud Watakipun Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Asiling panaliten menika manggihaken kados pundi watakipun paragatama wonten salebeting *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* menika. Wonten ing panaliten menika, watakipun paragatamainggih menika Darmini dipuntemtokaken ngginakaken *teori psikoanalisis* mawi *struktur* kapribaden ingkang dipunperang dados *Id*, *Ego*, saha *Super Ego*.

Paraga Darmini dipungambaraken gadhah pinten-pinten watak. Watak menika saged dipungambaraken saking *fisik*, *sosial*, saha *psikologis*. Wonten ing ngandhap menika dipunandharaken watak paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita adhedhasar *teori psikoanalisis* Sigmund Freud.

***Tabel 1:*** Data Wujud Watakipun Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| No. | Stuktur Kapribaden Sigmund Freud | Wujud watakipun | No. Data |
|---|---|---|---|
| 1. | *Id* | a. Lugu | 8, 18, 29 |
| | | *b.* Gadhah raos *ingin tahu* | 11, 12, 13, 25 |
| | | c. Mboten pengen urus/ *masa bodoh* | 26 |
| 2. | *Ego* | a. Prasaja | 1, 5, 17 |

Tabel Salajengipun

| No. | Stuktur Kapribaden Sigmund Freud | Wujud watakipun | No. Data |
|---|---|---|---|
| | | a. Sopan | 1, 4 |
| | | b. Rendah diri | 2 |
| | | c. Pasrah | 3 |
| | | d. Pemaaf | 7 |
| | | e. Narima | 9, 27, 32 |
| | | f. Sregep | 20, 22, 24 |
| | | g. Welas asih | 21, 31 |
| | | h. Setya bekti | 30 |
| 3. | *Super Ego* | a. Purun nggatosaken | 5, 10 |
| | | b. Rumangsan | 6, 19 |
| | | c. Ngayomi/ ngemomg | 14 |
| | | d. Hormat | 15 |
| | | e. Saged dipunpitados | 16 |
| | | f. Balas budi | 23 |
| | | g. Nurut/ patuh | 28 |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi watak paragatama Darmini gadhah pinten-pinten watak ingkang kagambaraken wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita.

Watakipun paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita inggih menika prasaja, sopan, *rendah diri*, pasrah, purun nggatosaken, rumaos eling, gampil paring pangapunten/ *pemaaf*, lugu, narima, gadhah raos *ingin tahu*, ngayomi/ ngemong, hormat, saged dipunpitados/ *amanah*, *rumangsan*/ *sadhar diri*, sregep, welas asih, ngertos balas budi, mboten pengin urus/ *masa bodoh*, nurut/ patuh, setya bekti. Saking

watakipun Darmini minangka paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipunpanggihaken wonten watak ingkang sae, ananging minangka paragatama Darmini ugi gadhah watak ingkang mboten sae sanadyan namung sekedhik.

Watak ingkang sae inggih menika prasaja, sopan, pasrah, purun nggatosaken, rumaos eling, gampil paring pangapunten/ *pemaaf*, lugu, narima, gadhah raos *ingin tahu*, ngayomi/ ngemong, hormat, saged dipunpitados/ *amanah*, *rumangsan*/ *sadhar diri*, sregep, welas asih, ngertos balas budi, nurut/ patuh, setya bekti. Dene watak ingkang mboten sae kadosta *rendah diri*, mboten pengin urus/ *masa bodoh*.

### 3. *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Sasampunipun maos *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* saged ketingal bilih wonten pinten-pinten *konflik* utawi perkawis ingkang kadadosan. *Konflik* menika saking perkawis-perkawis ingkang dipunwontenaken dening panganggit wonten ing satunggaling karya sastra. Wujudipun *konflik* inggih menika wonten ingkang awujud *konflik batin* saha *konflik sosial*. *Konflik batin* utawi *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

***Tabel 2:*** Data Wujud *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Paraga ingkang *Berkonflik*** | ***Stuktur Kepribadian*** | | | **No. Data** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | ***Id*** | ***Ego*** | ***Super Ego*** | |
| 1. | Was sumelang | Darmini kaliyan Salim saha Kardi | √ | √ | | 1, 2, 11, 12, 21, 22 |

Tabel Salajengipun

| **No.** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Paraga ingkang *Berkonflik*** | ***Stuktur Kepribadian*** | | | **No. Data** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | ***Id*** | ***Ego*** | ***Super Ego*** | |
| 2. | Ajrih | Darmini kaliyan rayinipun Salim saha Warti | √ | √ | | 3, 13, 15 |
| 3. | Sedhih | Darmini kaliyan Kardi saha Salim | √ | √ | | 4, 10, 17 |
| 4. | Kaget | Darmini kaliyan Kardi, Salim saha Warti | √ | √ | | 5, 7, 14, 20 |
| 5. | Duka | Darmini kaliyan Salim, Warti, saha Pak Duryat | √ | √ | | 5, 9, 19, 24 |
| 6. | Isin | Darmini kaliyan Salim saha rayinipun Salim | √ | √ | | 5, 13 |
| 7. | Kesengsem | Darmini kaliyan Salim | √ | √ | | 5 |
| 8. | Gugup | Darmini kaliyan Salim | √ | √ | | 6 |
| 9. | Penasaran | Darmini kaliyan Salim | √ | √ | √ | 8 |
| 10. | Cubriya | Darmini kaliyan Salim saha Warti | √ | √ | | 16, 18 |
| 11. | Bingung | Darmini kaliyan Harti | √ | √ | √ | 23 |

Saking tabel menika saged dipunmangertosi bilihh paragatama Darmini nglampahi pinten-pinten *konflik psikis* ingkang kagambaraken wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita. *Konflik psikis*

ingkang dipunraosaken paragatama Darmini inggih menika was sumelang, ajrih, sedhih, kaget, duka, isin, kesengsem, gugup, penasaran, cubriya, bingung.

### 4. *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

Wujudipun *konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini boten tuwuh makaten mawon tanpa wontenipun sebab. Sedaya perkawis utawi *konflik* ingkang dipunlampahi dening saben paraga mesthi mawon wonten sebabipun, makaten ugi *konflik* ingkang dipunlampahi paraga Darmini. *Faktor* ingkang njalari *konflik* saged saking *faktor eksternal*, kadosta saking priyantun sanes utawi lingkungan saha saking *faktor internal* inggih menika saking dhirinipun piyambak. *Faktor* ingkang njalari *konflik batin* utawi *konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

***Tabel 3:*** Data *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Paraga ingkang njalari *Konflik Psiskis*** | **Perkawis ingkang Njalari *Konflik*** | **No. Data** |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Was sumelang | Salim | Salim ketingal beda, boten kados biyasanipun | 1, 2 |
| | | | Salim mlebet griya sakit | 21, 22 |
| | | Kulawarganipun Salim | Menawi kulawarganipun Salim boten sarujuk tumrap piyambakipun | 11, 12 |

Tabel Salajengipun

| No. | Wujud *Konflik Psikis* | Paraga ingkang njalari *Konflik Psiskis* | Perkawis ingkang Njalari *Konflik* | No. Data |
|---|---|---|---|---|
| | | Kardi | Darmini badhe ketabrak montor | 3 |
| 2. | Ajrih | Rayinipun Salim | Rayinipun Salim nyawang lampahipun Darmini kanthi gemati | 13 |
| | | Warti | Warti mertamu dhateng dalemipun Darmini | 15 |
| | | Kardi | Darmini rumaos didumuk cacatipun | 4 |
| 3. | Sedhih | Warti | Warti ketingal gadhah sesambetan kaliyan Salim ingkang Darmini boten mangertos | 17 |
| | | Pak Duryat | Pak Duryat nilar Darmini kaliyan simbokipun | 10 |
| | | Salim | Salim nyawang Darmini | 5, 7 |
| 4. | Kaget | Warti | Warti sowan wonten dalemipun Darmini | 14 |
| | | Mbok Marto | Mbok Marto sowan wonten dalemipun Darmini sonten-sonten sajak wonten ingkang wigatos | 20 |
| | | Kardi | Darmini badhe ketabrak montor | 3 |
| 5. | Duka | Salim | Salim nantang Darmini nalika Darmini badhe kepengin ngertos alesan Salim ngajak gesang bebrayan | 9 |

Tabel Salajengipun

| **No.** | **Wujud *Konflik Psikis*** | **Paraga ingkang njalari *Konflik Psiskis*** | **Perkawis ingkang Njalari *Konflik*** | **No. Data** |
|---|---|---|---|---|
| | | Kardi | Darmini rumaos didumuk cacatipun | 5 |
| | | Warti | Darmini duka amargi rumaos tersinggung nalika mangertos bilihh Warti pengin weruh piyambakipun | 19 |
| | | Pak Duryat | Tumindakipun Pak Duryat ingkang sakarepipun piyambak | 24 |
| 6. | Isin | Salim | Salim nyawang Darmini | 5 |
| | | Rayinipun Salim | Rayinipun Salim nyawang lampahipun Darmini | 13 |
| 7. | Kesengsem | Salim | Darmini rumaos kesengsem nalika sepisanan kepanggih kaliyan Salim | 3, 5 |
| 8. | Gugup | Salim | Salim nyawang Darmini | 6 |
| 9. | Penasaran | Salim | Darmini boten mangertos sinten menika Salim | 8 |
| 10. | Cubriya | Warti | Warti madosi Salim | 16, 18 |
| 11. | Bingung | Harti | Harti ditilar simbokipun ingkang mlebet penjara | 23 |

Saking tabel ing inggil saged kaandharaken bilihh *konflik* ingkang dipunlampahi dening paragatama Darmini tuwuh amargi wonten ingkang njalari. Paraga sanes ingkang kathah njalari tuwuhipun *konflik* tumrap Darmini inggih menika garwanipun piyambak inggih menika Salim. *Konflik psikis* ingkang awujud was sumelang dipunjalari dening Darmini ingkang rumaos bilih

garwanipun Salim dados beda boten kados biyasanipun saha nalika Salim kenging alangan wonten papan nyambut damel lajeng mlebet griya sakit. Sanesipun inggih menika was sumelang menawi kaluwarganipun Salim boten sarujuk tumprap piyambakipun ingkang badhe diajak gesang bebrayan kaliyan Salim. *Konflik psikis* awujud ajrih dipunjalari nalika Darmini badhe ketabrak montor, nalika rayinipun Salim nyawang lampahipun Darmini ingkang kethingklangan, saha nalika Warti ingkang dereng dipuntepangi sowan wonten griyanipun Darmini. Dene ingkang njalari *konflik* sedhih inggih menika saking Kardi nalika Darmini didumuk cacatipun, saking Warti ingkang gadhah sesambetan kaliyan Salim, saha saking Pak Duryat ingkang nilar Darmini kaliyan Simbokipun nalika jaman rumiyin.

*Konflik psikis* awujud kaget ugi dipunlampahi dening Darmini. *Konflik* kaget menika jalaran Salim ingkang nyawang Darmini, Warti ingkang sowan dhateng griyanipun Darmini, saha jalaran Mbok Marto ingkang rikala menika sowan wonten ing dalem sonten-sonten paring kabar bilihh Salim mlebet griya sakit. Paraga Darmini ugi nglampahi *konflik* ingkang awujud duka. Duka menika amargi nalika Salim nantang Darmini ingkang badhe ngertos menapa alesan Salim ngajak gesang bebrayan. Jalaran sanesipun, nalika Darmini didumuk cacatipun kaliyan Kardi saha jalaran Warti nalika semanten sowan namung badhe weruh Darmini ingkang cacat, pungkasan jalaran Pak Duryat ingkan tumindakipun sak penake piyambak. Isin ugi dipunlampahi paraga Darmini minangka setunggal *konflik*. *Konflik* isin menika nalika Salim kaliyan Darmini tempuk pandhang saha nalika

Darmini diajak sowan dhateng dalemipun Salim rayi-rayinipun Salim sami ningali lampahipun Darmini ingkang kethingklangan.

Paraga Darmini ugi nglampahi *konflik* awujud raos kesengsem jalaran Darmini sepisanan kepanggih kaliyan Salim lajeng rumaos kepincut. *Konflik* gugup saking paraga Darmini tuwuh amargi mripatipun tempuk kaliyan mripatipun Salim nalika sepisanan kepanggih. Wonten malih *konflik* awujud raos penasaran jalaran Darmini dereng mangertos sinten sejatosipun Salim menika. *Konflik* ingkang pungkasan ingkang dipunlampahi Darmini inggih menika bingung. *Konflik* bingung menika dipunjalari dening Harti ingkang taksih alit nalika ditilar simbokipun dipenjara, dene Darmini pengin mbiyantu ananing ugi boten mampu.

### *5.* Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

*Konflik psikis* ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini sedaya wonten panyebabipun, ananging boten sedaya *konflik* menika saged dipunadhepi dening Darmini. Cara kangge ngadhepi *konflik* ugi beda-beda miturut wujud *konflik*ipun. Miturut teori wonten mapinten-pinten cara ingkang saged dipunginakaken nalika ngadhepi *konflik* inggih menika *represi, pengalihan, sublimasi, proyeksi,* asikep *rasional, reaksi formasi, regresi, agresi, apatis, fantasi,* saha *stereotype.*

*Repressi* inggih menika cara ngadhepi konflik kanthi *menekan (repress)* nyurung medal *impuls-impuls Id* ingkang boten dipuntampi saking alam sadhar wangsul ing alam bawah sadhar supados *impuls-impuls* ingkang ngancam saged medal saking alam sadhar. *Sublimasi* inggih menika cara ngadhepi konflik

ingkang kadadosan menawi tumindak-tumindak ingkang gadhah paedah sosial saged nggantos raos ingkang boten sekeca. *Proyeksi* kadadosan menawi setunggal priyantun nutupi kekiranganipun utawi perkawis ingkang saweg dipunlampahi kanthi nglimpahaken dhateng priyantun sanes. *Pengalihan* inggih menika *pengalihan* pangraos boten remen tumrap setunggal *objek* dhateng *objek* sanes ingkang langkung trep. Asikep *rasional* kadadosan menawi *motif* nyata saking tindak-tanduk individu boten saged dipuntampi dening *ego, motif* nyata kasebut lajeng dipungantos kaliyan *motif* sanes kangge *pembenaran*. *Reaksi formasi* saged nyegah priyantun nindakaken perkawis ingkang ngasilaken *anxitas* saha asring nyegah asikep *antisosial*. Cara salejengipun inggih menika *regresi*. *Regresi* saged dipunperang dados kalih, kaping pisan *regresi* ingkang dipunsebut *retrogressive behavior,* inggih menika tumindaking manungsa ingkang kados lare alit, nangis, manja supados pikantuk kawigatosan saking priyantun sanes. Ingkang kaping kalih, *regresi primitivation*, inggih menika priyantun ingkang sampun dewasa ananging asikep kados priyantun ingkang boten mangertos babagan budaya saha kecalan *kontrol* saengga boten asring gelut kaliyan priyantun sanes. *Agresi* inggih menika *penyerangan*. *Apatis* inggih menika pasrah. *Fantasi* madosi solusi kanthi cara mlebet wonten ing donya khayal, solusi ingkang adhedhasar *fantasi* katimbang realitas. Cara ngadhepi konflik ingkang pungkasan inggih menika *stereotype* kadadosan amargi priyantun ngraos *frustasi*, inggih menika kanthi ngetingalaken tumindak ingkang boten wonten paedahipun ingkang dipunambali terus-terusan saengga ketingal aneh. Ananging, wonten ing cariyos menika paraga Darmini namung ngginakaken saperangan cara tartamtu boten sedaya cara

dipunangge. Caranipun paragatama ngadhepi *Konflik batin* utawi *konflik psikis* ingkang dipunraosaken wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

***Tabel 4:*** Data Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Cara Ngadhepi *Konflik Psikis*** | **Wujud *Konflik Psiskis*** | **No. Data** | ***Konteks* Cariyosipun** |
|---|---|---|---|---|
| 1. | *Regresi* | Was sumelang | 1 | Darmini rumaos was sumelang lajeng muwun |
| | | Sedhih | 4, 17 | Darmini rumaos sedhih ngantos muwun |
| 2. | *Apatis* | Kaget | 3 | Pasrah nalika badhe ketabrak |
| 3. | *Represi* | Kaget | 5, 7, 14, 20 | Nahan raos kagetipun kanthi tetep rumaos tenang saha sabar |
| | | Duka | 5 | Nahan dukanipun |
| | | Isin | 5 | Nahan raos isinipun |
| | | Penasaran | 8 | Namung menggalih raos penasaranipun |
| | | Ajrih | 15 | Nahan raos ajrihipun |
| | | Cubriya | 16 | Nahan raos cubriyanipun |
| | | Was sumelang | 21, 22 | Nahan raos kuwatosipun kanthi sabar |
| 4. | *Asikep Rasional* | Cubriya | 18 | Nyuwun panjelasan saking Salim |
| 5. | *Agresi* | Duka | 9 | Medalaken raos anyel ingkang wonten ing manahipun kanthi ngendika langsung |
| | | | 19 | Medalaken raos boten narima kanthi ngendika langsung |

Tabel Salajengipun

| No. | Cara Ngadhepi *Konflik Psikis* | Wujud *Konflik Psiskis* | No. Data | *Konteks* Cariyosipun |
|---|---|---|---|---|
| 6. | Mlebet wonten donya khayal *(Fantasi)* | Isin | 13 | Rumaos pikantuk kekiyatan |
| | | Ajrih | 13 | Rumaos pikantuk kekiyatan |
| 7. | *Pengalihan* | Duka | 24 | Nyawang saha ngalem Salim |

Tabel ing inggil nedahaken cara ingkang dipunginakaken paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini menika dipunadhepi kanthi cara *regresi, apatis, represi,* asikep *rasional, agresi,* kanthi mlebet wonten ing donya khayal *(fantasi)* saha *pengalihan*. *Konflik psikis* ingkang dipunadhepi mawi cara *regresi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik* was sumelang saha sedhih ngantos Darmini muwun. Cara *apatis* dipunginakaken kangge ngadhepi konflik kaget saha was sumelang kanthi pasrah nalika badhe ketabrak. Cara *represi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud kaget, kanthi cara tetep rumaos tenang, duka kanthi nahan dukanipun, isin kanthi nahan isinipun, penasaran kanthi cara namung menggalih raos penasaranipun, raos ajrih kanthi cara nahan raos ajrihipun saha raos cubriya kanthi cara nahan raos cubriyanipun sarta was sumelang kanthi sabar. Cara asikep *rasional* inggih menika *konflik* cubriya kanthi cara nyuwun panjelasan saking Salim.

Cara *agresi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang awujud duka kanthi cara medalaken raos anyel ingkang wonten ing manahipun kanthi ngendika langsung saha medalaken raos boten narima kanthi ngendika langsung.

Cara *agresi* ugi dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* bingung kanthi cara nyuwun pamanggih kanthi langsung. Cara *fantasi* inggih menika mlebet wonten donya khayal dipunginakaken paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* isin saha ajrih kanthi cara rumaos pikantuk kekiyatan. Cara ingkang pungkasan inggih menika cara *pengalihan* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik* duka kanthi cara nyawang saha ngalem Salim.

## B. Pirembaganipun

### 1. Andharan Bab Wujud Watakipun Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Para paraga ingkang wonten ing karya sastra ngewrat piwulang-piwulang, amanat, moral ingkang badhe dipunandharaken dening panganggit dhateng pamaosipun. Saben paraga beda panyariosipun, watak satunggal paraga kaliyan paraga sanesipun ugi beda. Kangge nggambaraken watak satunggaling paraga saged dipuntingali saking penggalih saha tumindakipun paraga. Wonten ing masarakat Jawi watak-watak ingkang sae lajeng dados norma-norma sosial ingkang salajengipun saged dados adat-istiadat (Hadiatmaja, 2011: 35). Watak sae saged dados tuladha babagan etika Jawi minangka sarana supados kacipta gesang ingkang harmoni. Watakipun paragatama wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipunandharaken ing ngandhap menika.

#### a. Prasaja

Prasaja menika watak ingkang limrah. Miturut Poerwadarminta (1939: 278) limrah tegesipun boten nganeh-anehi, purun tumindak becik, saha boten cethil. Dados, prasaja menika menapa wontenipun anggenipun tumindak ugi

sesandhangan. Priyantun ingkang prasaja menika priyantun ingkang narima. Prasaja menika watak ingkang sae. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*, paragatama Darmini gadhah watak prasaja ingkang ketingal saking tumindak saha saking cariyosipun panganggit. Watak prasaja paraga Darmini saged ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Darmini senenge menganggo sandhangan polos sarwa tuwa, kayadene biru, abang, wungu, soklat, sok-sok ireng. Potongane ya enak disawang, sopan nanging mantesi. Dhasar kulite kuning, nganggo klambi wernane sarwa tuwa malah nambahi cetha yen kulite resik. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Saking pethikan menika saged ketingal bilihh paraga Darmini gadhah watak ingkang prasaja. *Id* nedahaken sipat ingkang kedah dipunturuti. Pethikan menika, kaandharaken Darmini remen ngagem sandhangan polos sarwa tuwa. Menawi dipunnalar, *Id* mesthi kepengin ngangge sandhangan ingkang langkung sae saha *mewah* ananging dipuntahan dening *Ego*.

*Ego* ndadosaken Darmini nahan nepsunipun inggih menika prasaja. Wonten ing cariyos, *Ego* ndadosaken Darmini ngagem sandhangan ingkang menapa wontenipun, *sederhana* ananging tetep sae dipunsawang. Watak prasaja menika dipungambaraken saking fisik paraga.

Watak prasaja saking paraga Darmini ingkang awujud penggambaran fisik ugi ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *Darmini mung ndhungkluk wae. Nanging omongane Salim iku digatekake tenan. Tangane sing kuning resik iku dolanan kacu ijo pupus ana ndhuwur meja. Nalika kuwi Darmini nganggo rok ijo tuwa tanpa gulon, mulane kacune ijo pupus. Pupure wis ilang, nanging raine isih tetep kuning resik ora nglenga. Lipstick jambon sing lamat-lamat iku isih ana tabete. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:9).*

Saking pethikan menika, kaandharaken bilihh Darmini dandan kanthi prasaja nalika pepanggihan kaliyan priya ingkang dipuntresnani. Menawi dipunnalar, *Id* mesthi kepengin dandan ingkang langkung sae saha *mewah* malih nalika pepanggihan kaliyan priya ingkang dipuntresnani supados ketingal langkung ayu, ananging saged dipuntahan dening *Ego*. *Ego* ndadosaken Darmini dandan kanthi prasaja saha tetep dados dhirinipun piyambak.

Sanesipun, watak prasaja saking paraga Darmini saged ketingal saking pethikan menika.

> "*Muga-muga wae cocog, bisaku ya mung olah-olah sing prasaja, ora bisa sing aeng-aeng, wong mung ajar olah-olah saka Simbok lan saka Bu WIdo," Darmini mangsuli*. *(Wedhus Gembel Gunung Merapi:71).*

Pethikan menika ngandharaken bilihh Darmini ugi gadhah watak ingkang prasaja. Darmini ngendika bilihh piyambakipun namung saged olah-olah ingkang prasaja, boten saged aeng-aeng. Menawi ndherek *Id* mesthi kepengin saged masak utawi olah-olah ingkang aeng-aeng saha boten masakan ingkang limrah supados ketingal pinter olah-olah saha calon garwa kaliyan calon marasepuhipun langkung remen. Ananging saged dipuntahan dening *Ego* supados tetep dados dhirinipun piyambak ingkang namung saged olah-olah ingkang prasaja.

Wonten masarakat Jawi watak prasaja menika nedahaken bilihh manungsa gadhah budi pekerti sae ingkang ketingal saking penampilanipun. Watak prasaja menika wonten etika Jawi kalebet satunggaling cara supados saged dados manungsa ingkang utama, ingkang sikap lair saha batinipun seimbang (Hadiatmaja, 2011: 55).

**b. Sopan**

Miturut Poerwadarminta (1939: 579) sopan inggih menika mangertos babagan tata krama. Sopan ateges watak ingkang sae, saged *menempatkan* dhiri kaliyan kawontenanipun. Priyantun ingkang gadhah sipat sopan, saderengipun tumindak dipunpenggalih rumiyin bakal trep kaliyan kawontenanipun menapa boten. Sipat sopan ugi ketingal wonten paraga Darmini saking pethikan menika.

> *Darmini senenge menganggo sandhangan polos sarwa tuwa, kayadene biru, abang, wungu, soklat, sok-sok ireng. Potongane ya enak disawang, sopan nanging mantesi. Dhasar kulite kuning, nganggo klambi wernane sarwa tuwa malah nambahi cetha yen kulite resik. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Saking pethikan ing inggil sampun kaserat bilihh Darmini gadhah watak ingkang sopan, sopan anggenipun sesandhangan. Darmini remen ngagem sandhangan ingkang sederhana ananging tetep sopan, boten kedah mewah. Kanthi makaten ketingal bilihh Darmini boten remen pamer saha saged *menempatkan* dhiri kaliyan kahanan. Darmini gesang wonten lingkungan dusun ingkang unggah-ungguh saha adatipun taksih dipuncepeng, saengga piyambakipun ugi ngagem sandhangan ingkang trep kaliyan kahanan wekdal menika.

Watak sopan sanesipun saking paraga Darmini saged ketingal wonten pethikan menika.

> "Matur nuwun Bu, kula dipungatosaken. Kula mboten menapa-menapa kok. Nuwun sewu kula tak adus rumiyin," Darmini wangsulan karo menyat njupuk andhuk. *(Wedhus Gembel Gunung Merapi:6).*

Pethikan menika nedahaken paraga Darmini sopan tumrap priyantun ingkang langkung sepuh. Anggenipun Darmini guneman kaliyan priyantun ingkang langkung sepuh ngagem basa ingkang alus. Darmini ugi ketingal priyantun

ingkang ngertos balas budi, anggenipun Darmini ngaturaken matur nuwun nedahaken watak sopan. Wonten pethikan menika *Id* sampun saged dipuntahan dening *Ego* inggih menika ngertos balas budi kanthi ngaturaken panuwun. *Superego* saking paraga Darmini ugi ketingal. Darmini saged milah menapa ingkang becik menapa ingkang awrat. Amargi sampun dipungatosaken kaliyan priyantun sanes, pramila Darmini ngertos kedah ngaturaken panuwun, boten lajeng kebanjur nuruti *Id* inggih menika watak ingkang umuk.

Watak sopan saking paraga Darmini nedahaken prinsip hormat ing pagesangan priyantun Jawi minangka satunggaling usaha kangge njagi *keselarasan* saha keserasian wonten masarakat (Hadiatmaja, 2011: 42).

**c. *Rendah diri***

Darmini minangka paragatama ugi gadhah watak ingkang boten sae. Satunggaling watak ingkang boten sae inggih menika *rendah diri*. *Rendah diri* inggih menika raos ingkang nganggep dhirinipun piyambak boten mampu kados dene priyantun sanes. Priyantun ingkang gadhah watak rendah diri rumaos bilihh piyambakipun boten berharga, boten saged kados priyantun sanes ingkang mampu. Watak *rendah diri* kalebet raos *putus asa* tumrap dhiripun piyambak saking segi *psikologis, sosial* utawi amargi kahanan *jasmani*/ badanipun ingkang kirang sempurna. *Sikap rendah diri* saking paragatama Darmini tuwuh amargi rumaos kahanan badanipun ingkang boten sempurna kados wanita sanesipun. *Sikap rendah diri* saking Darmini wonten ing salebeting novel *WGGM* namung ketingal saking setunggal pethikan ing andhap menika.

> *Tekan pondhokane Darmini goreh, sawengi tansah klisikan. Panah asmara wis ngenani atine, 'Kae mau gek sapa? Nyawang karo aku kok kaya*

> *ngana, ah masa iya…," Tekan kene Darmini ora wani nerusake pikirane. Sikile sing rada cilik lan cendhak kwiwit dhek isih cilik kuwi dimek-mek, atine angles, brebel-brebel eluhe metu, "Wong cacat kaya aku gek sapa sing sudi ngambus."*
>
> *Suwe-suwe atine ditata, eluhe diusapi, banjur ngilo, disawang raine sing ayu. Ayang-ayang ana pangilon kuwi diajak guneman batin, "Dar, Darmini, aja gegedhen rumangsa! Wong ayu sing ora cacat wae okeh. Mosok iya kowe elek tur cacat disir Mas kae mau." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:3).*

Saking pethikan ing inggil saged ketingal bilihh *Id* pengin sanget nuruti penggalihipun ingkang rumaos tresna saha supados saged sesandhingan kaliyan Salim. Ananging *Id* menika saged dipuntahan dening *Ego*. *Ego* tuwuh saking kahanan ingkang dipunlampahi Darmini. Badan Darmini ingkang kirang sempurna nyebabaken piyambakipun boten *percaya diri* kangge nglajengaken nuruti penggalihipun. Saking *Ego* menika lajeng Darmini rumaos *rendah diri* bilihh piyambakipun boten bakal sesandhingan kaliyan Salim amargi samparanipun ingkang kirang sempurna. Darmini rumaos Salim boten bakal milih piyambakipun amargi Salim mesthi milih wanita ingkang sempurna saking segi badanipun.

**d. Pasrah**

Pasrah inggih menika sumarah dhateng takdir (Poerwadarminta (1939: 475)). Tegesipun nyerahaken sedaya lelampahan dhumateng Gusti Allah. Pasrah tuwuh sasampunipun priyantun rumaos boten saged tumindak menapa-menapa utawi boten saged malih nindakaken sedaya usaha ingkang sampun kalampahan saderengipun. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*, sikap pasrah paraga Darmini namung ketingal saking setunggal pethikan menika.

> *Darmini ora nglegewa yen lakune tansah dietutake. Sanadyan sing mbonceng Honda dhek semana citrane tansah neng ati, nanging ora wani rasanan karo kancane. Dheweke wis pasrah, malah tansah mbudi daya*

> *ngilangake rerupan sing yen bengi tansah mlebu ing pangimpen. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:4).*

Pethikan ing inggil nedahaken Darmini saged nuruti *Ego*. *Ego* Darmini rumaos pasrah nalika piyambakipun boten mangertos kedah tumindak menapa malih. Darmini pasrah amargi piyambakipun rumaos boten bakal kepanggih malih kaliyan Salim. Darmini masrahaken sedaya lelampahanipun kalebet babagan sinten jodhonipun mangkeh.

**e. Purun Nggatosaken**

Miturut Poerwadarminta (1939: 134) purun nggatosaken ateges purun namatake kanthi temen-temen. Priyantun ingkang purun nggatosaken inggih menika priyantun ingkang saged ngurmati priyantun sanes ingkang saweg ngendika utawi saweg makarya. Priyantun ingkang nggatosaken bakal paham sanget menapa ingkang dipunngendikakaken utawi menapa ingkang dipuntindakaken dening priyantun sanes. Priyantun ingkang nggatosaken priyantun sanes bakal pikantuk walesan kanthi dipungatosaken ugi kaliyan priyantun sanes. Watak purun nggatosaken saking paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*, saged ketingal saking pethikan menika.

> Darmini mung ndhungkluk wae. Nanging omongane Salim iku digatekake tenan. Tangane sing kuning resik iku dolanan kacu ijo pupus ana ndhuwur meja. Nalika kuwi Darmini nganggo rok ijo tuwa tanpa gulon, mulane kacune ijo pupus. Pupure wis ilang, nanging raine isih tetep kuning resik ora nglenga. Lipstick jambon sing lamat-lamat iku isih ana tabete. *(Wedhus Gembel Gunung Merapi:9).*

Pethikan menika ketingal bilihh Darmini purun nggatosaken menapa ingkang dipunngendikaken dening Salim. Sikap purun nggatosaken saking Darmini nedahaken *Superego*. *Superego* rumaos bilihh miturut tata krami menawi wonten

priyantun ingkang saweg ngendika kedah dipungatosaken, menapa malih priyantun ingkang ngendika inggih menika priyantun ingkang dipuntresnani Darmini, Salim ingkang saweg nepangaken dhiri.

Pethikan sanesipun ingkang nedahaken Darmini purun nggatosaken wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* inggih menika.

> *Darmini mung ngrungokake wae. Kabeh katerangan kuwi digatekake kanggo sangu urip bebrayan sing katone wis cedhak. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:53).*

Saking pethikan menika Darmini nggatosaken nalika simbokipun ngendika. *Superego* nedahaken bilihh miturut tata krami menawi wonten priyantun sepuh ngendika kedah dipungatosaken. *Superego* Darmini nuntun supados nggatosaken simbokipun ingkang saweg ngendika, menapa malih Darmini rumaos bilihh ingkang dipunngendikakaken simbok saged kangge sangu nalika sampun gesang bebrayan.

### f. Rumangsan/ *Sadar Diri*

*Rumangsan* asalipun saking tembung rumangsa. Rumangsa inggih menika rumaos sajroning ati, ngakoni kelepatanipun (Poerwadarminta (1939: 532)). Dene *rumangsan* ateges sampun rumangsa. *Rumangsan* saged dipunsebut *sadar diri*. Priyantun ingkang rumangsa sampun saged ngakoni menawi piyambakipun gadhah kalepatan lajeng purun nyuwun pangapunten. Priyantun ingkang rumangsa bakal saged *menempatkan* dhiri kaliyan kahanan ingkang saweg kalampahan miturut tata kraminipun. Miturut Hadiatmaja (2011: 48) rumangsan inggih menika sikap rumaos bilihh manungsa minangka makhlukipun Gusti ingkang tansah dipuncathet saha dipuntingali sedaya tindak tandukipun. Tuladha priyantun

ingkang rumangsa ugi saged ketingal saking paragatama Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*. Watak menika wonten ing pethikan ing andhap menika.

> *Darmini dadi mikir, mikirke awake dhewe. Salawase iki dheweke tansah percaya karo awake dhewe, rumangsa bisa ngrampungi keruwetan-keruwetan sing nemahi anggane. Nanging bareng diomongi Salim ngono kuwi, kok banjur krasa, saiba senenge yen dheweke ana sing njaga. Darmini panggah meneng wae. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:10).*

Saking pethikan ing inggil *Id* nedahaken bilihh Darmini rumaos saged ngrampungi sedaya keruwetan-keruwetan ingkang nemahi piyambakipun. *Id* rumaos bilihh piyambakipun boten mbetahaken pitulungan saking priyantun sanes. Lajeng sasampunipun dipunwelingi dening Salim, Darmini *rumangsan*. *Superego* saged nglawan *Id*. *Superego* rumaos bilihh welingipun Salim leres, priyantun langkung remen menawi wonten ingkang njagi. Saking *Superego* menika lajeng Darmini rumangsa bilihh mesthi piyambakipun boten saged piyambak sakdangunipun gesang.

Pethikan sanes wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken watak *rumangsan* inggih menika.

> *Adhi-adhine Salim padha ngeman Darmini. Darmini ora tau nimba, jalaran mesthi wis ditimbakake adhine. Bapake ora ngentukake Darmini nimba. Mbok menawa wae mesakake olehe kethingklangan kuwi. Ana Bangi awake Darmini mundhak lemu. Sanadyan ngono Darmini ngrungmasani. Kahanan omahe Mbok Marto dadi resik gemrining. Ana hiasan tembok saka kruistik sing ditemplekke ana ngarepan lan ana kamar-kamar. Mejane ditukokake taplak meja lan dIdokoki vas kembang plastik. Darmini uga usul karo Salim nukokake gendheng kaca kanggo nambahi padhange ruangan lan kamar-kamar. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:77).*

Pethikan menika ugi ketingal bilihh Darmini priyantun ingkang saged *rumangsan*. Darmini rumaos bilihh bapak ugi rayi-rayinipun Salim boten pengin

Darmini makarya abot, ananging Darmini lajeng boten migunakaken kesempatan menika kangge leyeh-leyeh boten makarya. Darmini tetep sregep ndherek beberes dalemipun marasepuhipun. Kanthi makaten Darmini tetep saged *rumangsan* bilihh piyambakipun tansah dados mantu ingkang becik.

Watak rumangsan wonten masarakat Jawi minangka satunggaling *konsep, prinsip* utawi *nilai* ingkang dados dhasar *keselarasan* saha *keseimbangan* ing pagesangan (Hadiatmaja, 2011: 55).

**g. *Pemaaf***

Miturut Poerwadarminta (1939: 468) maap utawi pangapunten inggih menika lunasipun paukumaning pandamel kalepatan. Dene *pemaaf* ateges priyantun ingkang saged paring pangapunten dumateng priyantun sanes ingkang sampun damel kalepatan tumrap piyambakipun. Watak Darmini ingkang *pemaaf* saged ketingal saking pethikan menika.

> *"Ya ra ngono ah. Aku getun kok nek kelingan ki. Aku njaluk ngapura ya. Karang dhek semana isih cilik. Kae aku tekan ngomah dikudang Bapak. Embuh sapa sing tumbak cucukan," Mardi omong.*
> *"Ora papa kok. Aku wis ngapura dheksemana." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:12).*

Pethikan menika ketingal bilihh Darmini priyantun ingkang saged paring pangapunten tumrap priyantun ingkang lepat. *Ego* saged mendhet keputusan ingkang sae wiwit saking pangaribawa *Superego* ingkang leres. *Superego* rumaos miturut tata krami masarakat menawi wonten ingkang sampun nyuwun pangapunten ugi kedah ngurmati kanthi paring pangapunten supados boten wonten permusuhan nalika gesang.

**h. Lugu**

Lugu miturut Poerwadarminta (1939: 277) inggih menika kados menapa wontenipun tanpa wuh-wuhan. Lugu menika boten dipundamel-damel, wonten jaman samenika saged ugi dipunwastani bilihh lugu menika *ketinggalan* jaman ateges pikiranipun taksih *kolot* dereng pikantuk pangaribawa saking *perkembangan* jaman. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken Darmini lugu inggih menika.

*Kelingan gegambarane Darmini sing katone lugu,Salim jan kepencut tenan. Mula sing maune olehe nggatekake mung dhedhemitan, saiki kepengin terang-terangan. Sauwise rembugan dhisik karo Darmini, banjur niyat teka ana daleme Bu WIda, pondhokane Darmini. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:34).*

Saking pethikan menika sampun kaserat bilihh saking gegambaranipun Salim, Darmini menika priyantun ingkang lugu. Pethikan sanesipun inggih menika.

*"Ora aku wis wareg kok," Darmini genti mangsuli, "Waluh neng kana mau gedhe-gedhe banget ya, Mas. Sing tuku nek ora dienggo dodol ya kanggo nyuguh wong sekampung."*

*"Ya mesthi ta Dhik. Mbok menawa wae kanggo hiasan omah, rak antik ta," Salim mangsuli, "Malah tangga ing Sosrowijayan kae ana sing tansah kagungan waluh ora ketang cilik, jare marga waluh iku menehi prabawa ayem. Dadi yen durung mundhut waluh anyar, sing ana kuwi ora dimasak."*

*"Ah warna-warna piyandele uwong yo Mas," Darmini ngomentari, "Yo, wis entek gek bali yo. Aku kok wis kesel." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:75).*

Pethikan menika nedahaken bilihh Darmini gumunan utawi lugu. Piyambakipun saweg pisan nemahi waluh ingkang ageng-ageng nalika dipunajak Salim dolan ing Kopeng. Watak lugu Darmini tuwuh saking *Id* ingkang dereng pikantuk pangaribawa saking lingkunganipun.

Taksih wonten tuladha sanes ingkang nedahaken watak lugu paragatama Darmini inggih menika.

> *"Aku ora dhong je Mas. Sing sebenere piye ta kuwi?" Darmini takon.*
> *"Cah ki nek cah lugu. Yan gene iki sing tak pilih. Aku ora kleru milih Dhik Dar. Wis ayu, kuning, luwes, setya bekti..., adhuh," pangeleme Salim kandheg jalaran lengene dijiwit Darmini. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:89).*

Nalika Salim cariyos babagan pagesanganipun nalika dereng sesandhingan kaliyan Darmini ingkang boten sae, Darmini malah boten paham menapa ingkang dipunngendikaken kaliyan Salim, menika amargi *Id* dereng pikantuk pangaribawa saking lingkungan satemah taksih menapa wontenipun.

**i. Narima**

Narima asalipun saking tembung trima ateges nampi kalawan panuwun (Poerwadarminta (1939: 621)). Narima ateges saged nampi kanthi panuwun menapa ingkang sampun dados lelampahipun saking Gusti. Priyantun ingkang saged narima bakal rumaos ayem tentrem ing pagesangan amargi boten rumaos kekirangan saha tebih saking watak iri. Watak Darmini ingkang nedahaken narima ketingal saking pethikan makaten.

> *Karo nyelehake gawane Darmini mangsuli, "Ya kae wonge dipethuk Darto. Mengko takonana dhewe, ta Mbok, piye genahe. Jane wae, aku ya isih tIdha-tIdha piye mengko dadine. Ning nek jane aku ya wis seneng. Kaya aku iki arep milih kaya apa, diparingi jodho dening Gusti Allah rak ya mung kudu matur nuwun. Mangka ketoke ya jujur. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:44).*

Menawi dipunnalar *Id* saged gadhah pepenginan pikantuk jodho ingkang langkung sae tinimbang Salim, ananging *Superego* saged paring pertimbangan bilihh sampun diparingi kedahipun inggih narima. Lajeng *Ego* saged mendhet keputusan ingkang sae kanthi narima menapa ingkang sampun diparingi Gusti kanthi panuwun.

Tuladha sanes ingkang nedahaken Darmini ingkang saged narima inggih menika.

> *"Kahananku bocah wadon ora ayu,*
> *Mlaku kethingklangan,*
> *Ora pinter ora lantip,*
> *Bocah desa kapan urip ra rekasa.*
> *Hem njur kapan kuwi? Sing jeneng rekasa lan ora kuwi sejatine rak neng ati. Kahananku saiki kuwi rekasa karo ora rak manut sing ngarani. Sanadyan aku luwih seneng yen kahananku luwih apik tinimbang saiki, nanging aku wis matur nuwun karo Gusti Allah, marga kahanan iki luwih becik tinimbang dhek aku cilik," mangkono batin atine Darmini. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:85).*

*Id* mesthi kepengin pikantuk kahanan ingkang langkung sae tinimbang samenika ananging *Superego* saged nahan amargi samenika taksih langkung sae tinimbang rumiyin nalika Darmini alit. Satemah *Ego* saged narima kanthi raos panuwun marang Gusti.

Taksih wonten malih pethikan ingkang nedahaken Darmini ingkang narima.

> *"Sing jeneng Pak Duryat ki kaya ngapa ta Mas? Wong kok le sak enake dhewe," Darmini banjur nyawang Salim kanthi mesra lan nglendhot neng pundhake Salim, "Tujune bojoku kuwi apikan, tanggung jawab. Ora sugih, ya wis ben, ning aku wis mantep." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Saking pethikan menika *Id* mesthi pengin gadhah garwa ingkang sugih kados Pak Duryat ananging *Ego* saged narima saking pertimbangan *Superego* Darmini boten pikantuk garwa kados Pak Duryat ingkang watakipun boten sae.

### *j. Ingin Tahu*

*Ingin tahu* inggih menika raos pengin mangertos babagan ingkang dereng dipunmangertosi. Priyantun ingkang gadhah sipat *ingin tahu* limrahipun priyantun ingkang pinter amargi pengin gage mangertosi kawruh-kawruh enggal ingkang dereng dipunmangertosi. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

ingkang nedahaken Darmini gadhah raos *ingin tahu* saged ketingal saking 3 pethikan ing andhap.

> *"Iya, kuwi akeh bule-bule ana kene. Ing bis sijine mau wong-wonge kok mripate dha sipit-sipit, tur kulite kuning kuwi saka Negara ngendi ya Mas?" Darmini kepengin ngerti. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:63).*

> *"Jane wae apa ta gunane Indonesia nampa wong plesir-plesir saka ngendi-endi kuwi? Marai dalane dadi macet," Darmini grenengan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:63).*

> *"Adoh apa ora pasar Prawirotaman iki saka daleme?" Darmini takon. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:64).*

Saking tiga pethikan ing inggil, *Id* Darmini kepengin sanget mangertosi sedaya babagan ingkang dipunpanggihi nanging dereng dipunmangertosi, lajeng *Ego* nuntun Darmini supados nyuwun pirsa dhateng Salim.

Watak Darmini ingkang pengin mangertosi satunggaling babagan ugi ketingal saking pethikan menika.

> *Darmini seneng ngrungokake ceramah, jalaran kanthi melu ngrungokake ceramah iku dheweke tambah seserepan bab apa wae, kaya dene bab kesehatan, kupiya pangupakarane wong ngandheg, supaya janin lan ibune bisa tansah waras. Piye bisane mbesuk yen nglairake gampang, lan liya-liyane. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:81).*

Pethikan menika nedahaken *Id* pengin mangertosi bab menapa kemawon ingkang saged nambah seserepan, lajeng *Ego* nuntun supados ndherek mirengaken ceramah.

**k. Ngayomi/ Ngemong**

Ngayomi utawi ngemong inggih menika njagi, ngrumat, maringi *perhatian* dhateng priyantun ingkang mbetahaken kados dene priyantun ingkang sampun sepuh utawi priyantun ingkang langkung enem. Priyantun ingkang purun ngayomi priyantun sanes limrahipun amargi remen utawi sayang, kados tiyang sepuh

dhateng putra-putrinipun, kangmas-mbakyu dhateng rayinipun. Watak paraga Darmini ingkang ketingal saged ngayomi namung ketingal saking setunggal pethikan menika.

> *"Mboten napa-napa Dhik, mugi-mugi mawon kula saget ngemong adhik-adhik sedaya," wangsulane Darmini karo mlebu ngomah, "Kula nuwun." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:66).*

Menawi dipunnalar, Darmini saged mawon nuruti *Id* supados Darmini boten repot-repot ngemong rayinipun Salim, ananging *Superego* saged nglawan. *Superego* nuntun bilihh rayinipun Salim bakal dados rayinipun Darmini nalika sampun sah sesandhingan, kanthi makaten Darmini ugi kedah ngemong kados Darmini ngemong rayinipun piyambak supados gesang bebrayanipun saged ayem tentrem.

**l. Hormat**

Hormat ateges saged ngajeni, sopan kaliyan priyantun sanes. Hormat menika kangge ngajeni priyantun ingkang langkung sepuh ugi langkung inggil kadhudhukanipun. Priyantun ingkang saged hormat ateges ngertos babagan tata krami ingkang leres. Miturut Hadiatmaja (2011: 40) sikap hormat inggih menika hormat dhateng priyantun sanes kanthi ngendahaken *situasi* saha *kondisi* wekdal, panggenan saha priyantun-priyantun wonten ing salebetipun. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken watak hormat saking paraga Darmini namung ketingal saking setunggal pethikan ing andhap menika.

> *Darmini gage marani Bapak lan Mbokne Salim. Kanthi ngambung tangane Bapak lan Embokne Salim iku Darmini aweh pakurmatan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:67).*

Saking pethikan menika, *Superego* saged ngalahaken *Id*. *Superego* mangertos bilihh menawi kaliyan priyantun sepuh kedah sopan saha ngurmati satemah Darmini paring salam kanthi ngambung astanipun Bapak saha Ibunipun Salim kangge pakurmatan.

Miturut Suseno saha Geertz lumantar Hadiatmaja (2011: 36) hormat wonten masarakat Jawi minangka satunggaling landasan sosial Jawi supados kacipta gesang ingkang harmoni.

**m. Saged Dipunpitados**

Saged dipunpitados ateges saged dipercaya utawi amanah. Priyantun ingkang saged dipunpitados menika saged njagi menapa ingkang dipunamanahaken utawi ingkang dipuntitipaken dhateng piyambakipun saged awujud barang utawi pesan. Saking *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini saged dipunpitados namung ketingal saking setunggal pethikan ing andhap menika.

> *"Anu, kula badhe matur kalian Bapak lan Simbok ing riki. Yen wonten lepatipun nyuwun ngapunten. Simbok kula ing Ndhogaten kintun salam dhateng Panjenengan sekaliyan," tembunge Darmini mbukani rembug sawise ngecamuk padha mangan tape emping. "Semono uga adhiku Sudarto kirim salam kenalan kanggo adhik-adhik ing kene. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:68).*

Pethikan menika nedahaken *Superego* saged nglawan *Id*. *Id* saged mawon nuntun bilihh Darmini boten badhe nyampekaken salamipun Simbok kaliyan rayinipun, kulawarganipun Salim ugi bakal boten mangertos menawi Simbok kintun salam, ananging *Superego* saged nglawan. *Superego* nuntun bilihh amanah menika kedah dipunsampekaken, amargi menawi boten saged pikantuk walesan

saking Gusti. *Ego* saged mendhet keputusan ingkang sae kanthi tetep nyampekaken salam saking simbok saha rayinipun.

**n. Sregep**

Sregep miturut Poerwadarminta (1939: 582) inggih menika kanthi mempeng sarta tlaten. Priyantun ingkang sregep anggenipun makarya saged tumata. Asiling pakaryan ugi sae saha rapi. Watak paragatama Darmini ingkang sregep ketingal saking 2 pethikan menika.

> *Jam lima Darmini wis tangi nggodhog wedang, ngliwet, nyepak-nyepakake keperluwane bojone olehe arep nyambut gawe. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:78).*

> *Darmini banjur ngundurake piring lan diasahi sisan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:79).*

Pethikan menika nedahaken Darmini priyantun ingkang sregep. Menawi dipunnalar *Id* boten pengin nindakaken pakarya enjing-enjing, pepenginanipun mesthi leyeh-leyeh, ananging saged dipunlawan kaliyan *Superego* bilihh priyantun estri ingkang sampun bebrayan kedahipun saged ngurus kaluwarganipun sanadyan taksih enjing sanget. Kanthi makaten *Ego* saged mangertos pundi ingkang leres dipuntindakaken. Tuladha sanesipun ketingal saking pethikan menika.

> *Darmini melu kumpulan Dasawisma. Apa kegiatan kang ana ing desa kono dieloni. Kejaba mung kumpulan karwiwitan ibu-ibu kang yen latihan ing wayah bengi. Ana Dasawisma dianakake arisan lan simpan pinjam, biyasane karo ngrungokake ceramah saka pengurus lan saka Puskesmas. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:81).*

Saking pethikan menika *Id* gadhah pepinginan supados ampun ndherek kumpulan Dasawisma, kepenak wonten dalem mawon. Ananging *Superego* rumaos bilihh kanthi ndherek kumpulan Dasawisma kathah mampangatipun

tumrap Darmini tinimbang namung leyeh-leyeh wonten dalem. Lajeng *Ego* saged mendhet keputusan ingkang leres kanthi boten nuruti *Id*.

**o. Welas Asih**

Miturut Poerwadarminta (1939: 660) welas inggih menika raos mesakake marang liyan. Dene welas asih ateges gadhah raos welas sarta asih. Priyantun ingkang gadhah raos welas asih bakal ngatos-atos nalika badhe tumindak supados boten wonten ingkang *tersakiti*. Watak paragatama Darmini ingkang welas asih ketingal saking pethikan menika.

> *"Yen nggonku wong mung anak loro, tur bedane umur ya akeh, dadi aku ya tresna kwiwit cilik marang Darto kae lan dheweke ya ngerti karo aku, tansah njaga lan ya ora dakmenang. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:79).*

Darmini gadhah raos welas asih marang rayinipun sanadyan namung rayi tiri. Nalaripun *Id* saged mawon kepengin bilihh boten welas asih tumrap rayinipun boten menapa, lha namung rayi tiri. Ananging *Superego* saged nglawan bilihh rayinipun tetep larenipun Simbok, Darto ugi tansah njagi Darmini dados kedahipun Darmini ugi tansah tresna kaliyan Darto. *Ego* saged nuruti *Superego* ingkang leres. Watak welas asih Darmini sanesipun ketingal saking pethikan menika.

> *Bareng nyawang Darmini, Harti kandha, "Bu Darmini panjenengan kok ayu, mbok kula ditulari ayune."*
> *Darmini mangsuli, "Wong Harti yo wis manis kok, kapan-kapan dolan neng nggonku." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:129).*

Saking pethikan menika Darmini saged damel Harti bungah manahipun saking cara ngendikanipun. Darmini gadhah raos welas asih tumrap priyantun ingkang langkung enem tinimbang piyambakipun ateges *Ego* taksih saged tumindak ingkang leres.

***p. Balas Budi***

*Balas budi* ateges ngaturaken panuwun tumrap priyantun sanes ingkang sampun tumindak becik dhateng piyambakipun. Priyantun ingkang ngertos *balas budi* nedahaken bilihh priyantun menika ngertos babagan tata krami. Watak Darmini ingkang ngertos *balas budi* namung wonten ing setunggal pethikan menika.

> *"Nyuwun tulung diaturke panuwunku karo Wa Kariya ya, Mbok," Darmini semambung, "Kok ya isih nggatekake aku ta ya, gek tak kirimi apa ya Mbok?" (Wedhus Gembel Gunung Merapi:80).*

Pethikan menika nedahaken *Superego* saged nglawan *Id*. *Superego* rumaos bilihh miturut tata krami masarakat Darmini kedah ngaturaken panuwun dhateng Mbok Kariyo ingkang sampun paring oleh-oleh kangge Darmini supados Mbok Kariyo ugi tansah rumaos remen.

***q.* Boten Pengin Urus/ *Masa Bodoh***

*Masa bodoh* ateges boten pengin mikir malih. Priyantun ingkang sampun boten pengin urus malih babagan setunggal babagan limrahipun priyantun menika saweg duka utawi *putus asa*. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini boten pengin urus kaliyan satunggaling bab inggih menika.

> *"Ah, wis ora usah lungguh, wong tamune wis bali. Ning rak ya ora apa-apa tah? Maksudku ora duwe tujuwan elek karo kowe?" Yu Kardi nanjihake.*
>
> *"Embuh Yu wegah mikir aku," Darmini medhot rembug. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:84).*

Saking pethikan ing inggil nedahaken bilihh Darmini saweg duka satemah boten saged ngontrol *Ego*-nipun amargi boten saged nahan *Id* ingkang nuntun

supados Darmini duka lan boten mikir malih babagan sinten ingkang nembe mawon sowan dalemipun Darmini.

**r. Nurut/ *Patuh***

Nurut ateges manut marang aturan saha dawuhipun priyantun sanes. Dawuh ing ngriki ateges dawuh ingkang becik ingkang kedah dipunturuti. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini gadhah watak nurut ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *"Iya, ya," weruh Siti wis katon saka kadohan, Salim gage ngelapi eluhe Darmini, "Wis Dhek, awake dhewe ra ora kepengin ta derdah dingerteni wong liya. Wis, saiki raup dhisik kana."*
> *Darmini ya njur manut. Menyat terus raup nyang njedhing. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87-88).*

*Id* saged mawon kepengin boten nurut kaliyan dawuhipun Salim ananging Darmini ingkang nurut tumrap dawuhipun garwanipun nedahaken bilihh *Superego* saged nuntun Darmini supados tumindak ingkang leres trep kaliyan tata krama.

**s. Setya Bekti**

Miturut Poerwadarminta (1939: 561) setya ateges tansah mantep ing pasuwitane, boten purun nglungani bendarane. Ing ngriki setya bekti ateges tansah mantep boten bakal nglungani garwanipun. Pethikan ingkang nedahaken Darmini setya bekti inggih menika.

> *"Cah ki nek cah lugu. Yan gene iki sing tak pilih. Aku ora kleru milih Dhik Dar. Wis ayu, kuning, luwes, setya bekti..., adhuh," pangeleme Salim kandheg jalaran lengene dijiwit Darmini. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:89).*

Watak setya bekti paraga Darmini ketingal saking pangandikanipun paraga sanes inggih menika Salim, garwanipun Darmini.

## 2. Andharan Bab Wujud *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Saking prastawa-prastawa ingkang wonten ing cariyos saged ndadosaken *konflik* ingkang dipunlampahi dening paraga. *Konflik* kathah jinisipun, saged awujud *konflik batin*, *konflik sosial*, saha *konflik-konflik* sanesipun. *Konflik psikis* utawi *konflik batin* inggih menika *konflik* ingkang kadadosan wonten ing manah utawi jiwanipun paraga. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama wonten *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita inggih menika.

### a. Was sumelang

Was sumelang ateges kuwatos, was-was, samar, ora tega (Poerwadarminta, 1939: 572). Was sumelang inggih menika raos manah ingkang kuwatos, was-was, boten tenang. Priyantun ingkang rumaos was sumelang menika priyantun ingkang saweg rumaos kuwatos, boten tenang amargi setunggal bab. Was sumelang ugi dipunraosaken dening paraga Darmini ingkang ketingal saking pethikan menika.

> *"Hem, pancen Mas Salim iku bagus, nyatane dhek samana ya akeh wanita sing ngesir. Nanging, Panjenengane rak wis milih aku ta?" Nggagas nggon kuwi Darmini tangane ngelus-elus wetenge sing wis gedhe lan sikile sing cilik siji.*
> *"Apa salahku Mas? Kok rasaku ra karuwan gek ana apa? Kenapa saploke bali saka Rumah Sakit Bethesda Panjenengan dadi kemba, Mas? Apa ana Kaliurang kagungan pacar? Ora bakal!! Kuwi dudu watakmu. Nanging, banjur apa salahku lan apa sebabe kok Panjenengan ora kaya sing uwis?" (Wedhus Gembel Gunung Merapi:1)*

Saking pethikan menika Darmini saweg rumaos kuwatos. Darmini saweg menggalih babagan garwanipun. Darmini rumaos bilihh polah garwanipun beda boten kados saderengipun. Amargi menika Darmini rumaos kuwatos tumrap garwanipun. Damini was-was kenging menapa garwanipun dados kemba tumrap

piyambakipun. Ngantos Darmini cubriya menapa garwanipun gadhah pacar sanes ing Kaliurang. Saking kawontenan ingkang kados makaten *Ego* ndadosaken Darmini rumaos was sumelang wonten ing manahipun.

**b. Ajrih**

Ajrih ateges wedi (Poerwadarminta, 1939: 3). Ajrih inggih menika raos boten wantun ngadepi menapa ingkang saweg dipunlampahi utawi menapa ingkang badhe kalampahan. Priyantun ingkang ajrih bakal was-was anggenipun tumindak. Raos ajrih dipunraosaken dening paraga Darmini ketingal wonten ing pethikan ing andhap menika.

> *Darmini kang nalika samana barengan tanggane saka blanja ing warung dadi mak tatrap neng ati, jalaran durung tau weruh tamune.*
>
> *"Sapa ya kae Yu Kardi? Aku kok kaya durung tau weruh je. Wong ala apa apik?" mangkono tembung kang kawetu saka lambene Darmini marang tanggane.*
>
> *"Ha iya embuh Dhik Dar, aku ya durung tau weruh. Wong ngendi ya? Ya kana Dhik gek ditemoni," wangsulane Yu Kardi, tanggane Darmini.*
>
> *"Ayo Yu, aku dikancani. Aku ijen je," panjaluke Darmini.*
>
> *"Ah, jireh tenan! Mengko wae tak sambangi yen aku wis nyelehake blanjan iki," Yu Kardi mulih karo nyawang tamune Darmini saka kadohan.*
>
> *"Tenan ya Yu, aku njaluk tulung," karo omong ngono Darmini enggal mlebu plataran omahe. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:83)*

Pethikan menika nyariosaken Darmini kondur saking blanja lajeng ing plataran dalemipun sampun wonten tamu. Wonten ing pethikan ing inggil sampun nedahaken langsung bilihh *Ego* ndadosaken Darmini rumaos ajrih. Darmini rumaos dereng nate tepang kaliyan tamunipun. Mula piyambakipun nyuwun tulung Yu Kardi kangge ngancani.

**c. Sedhih**

Sedhih ateges jijik, susah sanget (Poerwadarminta, 1939: 552). Sedhih inggih menika raos manah ingkang susah, boten rumaos seneng. Priyantun ingkang

saweg sedhih menika priyantun ingkang saweg rumaos susah, boten bagya. Raos sedhih ingkang dipunraosaken paraga Darmini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *Sawise Siti ora ketok, gage Salim nyedaki bojone, "Ana apa ta Dhik Dar, kok ana mendhung ki, sajake ora kaya adate?"*
>
> *"Jane ya ana apa-apa. Mau ana tamu nggoleki Mas Salim," omong ngono Darmini wiwit kembeng-kembeng, wasana mak brol eluhe ora kena dibendung. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87)*

Saking pethikan menika dipunmangertosi bilihh Darmini saweg ketingal sedhih polatanipun, malahan sampun nangis. Darmini rumaos sedhih sasampunipun wonten tamu putri ingkang madosi Salim. Sebab sedhih menika amargi Darmini boten mangertos sejatosipun sinten tamu wau saha menapa tujuanipun madosi Salim. Darmini sedhih amargi Salim boten nate cariyos babagan priyantun putri ingkang madosi Salim. Babagan menika ndadosaken *Ego* rumaos sedhih manahipun.

**d. Kaget**

Kaget ateges raosing manah owah dadakan amargi kahanan ingkang boten dinyana (Poerwadarminta, 1939: 179). Kahanan ingkang boten dinyana ateges kahanan ingkang kadadosanipun dadakan boten dipunraos saderengipun. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini rumaos kaget ketingal saking pethikan ing andhap.

> *Bareng sawijining dina, Darmini ditinggal kancane jalaran Darmini lagi nanggung ngladeni wong tuku, Darmini bali ijen. Tekan mburi Toko Ramai ana sing ngundang, "Dhik Dar, Dhik Darmini."*
>
> *Darmini noleh, "Gandrik! La kok ngerti jenengku." Atine kumesar, ndhredheg. Atine banjur ditata, sikile sing pincang nerusake laku. Nanging ya genah kalah cepet karo lakune wong normal. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:5).*

Saking pethikan menika sampun cetha nedahaken bilihh Darmini rumaos kaget. *Id* ndadosaken raos kaget amargi Darmini saestu boten nyana menawi Salim saged mangertos namanipun, satemah *Id* langsung rumaos kaget. Saking raos kaget menika manahipun Darmini ngraos kumesar saha ndhredheg.

**e. Duka**

Duka ateges nepsu (Poerwadarminta, 1939: 71). Nepsu inggih menika derenging ati. Duka inggih menika raos muring ing manah amargi derenging ati boten saged katurutan utawi rumaos boten trep kaliyan pepenginanipun. Priyantun ingkang saweg duka boten saged ngontrol emosinipun, amargi sampun dikuwasani dening nepsu. Raos duka ingkang dipunraosaken paraga Darmini ketingal wonten ing pethikan menika.

> *"Sing jeneng Pak Duryat ki kaya ngapa ta Mas? Wong kok le sak enake dhewe," Darmini banjur nyawang Salim kanthi mesra lan nglendhot neng pundhake Salim. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Pethikan menika nyariosaken Darmini ingkang saweg duka babagan Pak Duryat. Darmini mangertosi bilihh Pak Duryat sampun nyebabaken garwanipun mlebet Griya Sakit saha nyebabaken ibunipun Darmini mlebet kunjara. Kanthi kawontenan makaten *Ego* ndadosaken Darmini rumaos anyel tumrap Pak Duryat.

**f. Isin**

Isin ateges lingsem, rumaos rikuh (Poerwadarminta, 1939: 174). Isin menika raos boten percaya diri utawi boten sekeca tumrap kahanan ingkang dipunlampahi. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilih paraga Darmini rumaos isin ketingal saking pethikan ing andhap.

> *Tekan omahe Salim, Mbokne wis mulih saka pasar. Ana taksi mandheg adhi-adhine Salim padha metu, Salim lan Darmini metu saka taksi.*

*Kethingklang-kethingklang Darmini nyedakiadhi-adhine Salim. Rasane ora karu-karuwan. Disawang karo adhine Salim ngono kuwi Darmini kaya diblejeti awake. Atine Darminikari samenir, kikuk, isin, lan wedi dadi siji. Mula raine katon rada pucet. Nyawang kahanan ngono kuwi Salim tanggap. Sauwise mbayar taksi, tangane Darmini digandheng nggon ndhuwur sikut kanthi kenceng. "Ayo mlebu ngomah, kae adhiku wis padha ngenteni." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:66).*

Pethikan menika nyariosaken pisanan Darmini sowan dhateng dalemipun Salim. Darmini rumaos kikuk nalika disawang dening rayi-rayinipun Salim. Darmini ingkang mlampahipun kethingklangan rumaos boten percaya diri, polatanipun pucet. *Ego* ndadosaken Darmini rumaos isin.

**g. Kesengsem**

Kesengsem ateges keladuk seneng (Poerwadarminta, 1939: 558). Kesengsem inggih menika rumaos remen sanget, tresna dhateng setunggal bab utawi priyantun. Priyantun ingkang saweg kesengsem rumaos bungah sanget, manahipun rumaos kumesar nalika pepanggihan kaliyan priyantun ingkang dipunsengsemi. Raos kesengsem ugi dipunraosaken dening paraga Darmini ketingal saking pethikan menika.

*Dheg, atine Darmini rumangsa kesenggol dIdumuk cacate. Mripate mbrambangi nyawang sing arep nabrak. Tratap mripate sing mbonceng uga lagi nyawang Darmini. Ambyar sakathahing rasa dadi sawalang-walang, kaget, mangkel, susah, isin, nanging kesengsem. Sapandhurat Darmini ora bisa ngucap. Eluh sing arep netes ing mripate gage diusapi. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Pethikan menika nyariosaken nalika Darmini sepisanan kepanggih kaliyan Salim ingkang lajeng dados garwanipun piyambak. Wekdal menika Darmini badhe ketabrak motor ingkang dipunboncengi Salim lajeng pisanan nyawang Salim, Darmini rumaos kumesar, boten saged ngucap, raos sedhih dadakan gantos raos bungah, eluh ingkang netes gage dipunusap. *Id* ndadosaken Darmini rumaos

kesengsem nalika kepanggih Salim ingkang saged ngowah raos sedhih dados raos seneng.

**h. Gugup**

Gugup ateges gragapan amargi wonten perkawis ingkang ngeget (Poerwadarminta, 1939: 153). Gugup inggih menika raos kikuk amargi nemahi perkawis ingkang boten dinyana saderengipun. Priyantun ingkang gugup saged ketingal saking polatanipun saha saking polahipun. Polatan priyantun ingkang gugup limrahipun pucet, ketingal boten tenang. Dene polahipun grusa-grusu utawi limrahipun dipunsebut *salah tingkah*. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini rumaos gugup ketingal saking pethikan ing andhap.

> *Bareng tekan pinggir, Darmini noleh memburi, tempuk maneh mripate karo sing mbonceng Honda. Dhuer, geter pater sing padha kesetrum. Huh, saya goreh ora karuwan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

*Ego* ndadosaken Darmini rumaos gugup nalika tempuk mripat kaliyan Salim. Kadadosan menika boten dinyana dening Darmini. Darmini rumaos boten karuwan manahipun ingkang saweg nandang tresna.

***i. Penasaran***

Penasaran ateges kepengin ngertos. Priyantun ingkang penasaran menika priyantun ingkang pengin sanget ngertos babagan setunggal perkawis. Raos penasaran ingkang dipunraosaken Darmini wonten ing pethikan menika.

> *Tekan ngomah Darmini legeg-legeg, yen rupane genah ora pangling, priya sing aruh-aruh mau sing mbonceng Honda kae, nanging jenenge sapa, omahe ngendi, gek kandha yen saben sore ngadhang kuwi njur nyambut gawe nyambut gawe apa? Judheg muyeg ning ora wani kumecap. Kabeh mung dibatin. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:6).*

Saking pethikan menika nyariosaken Darmini ingkang saweg menggalih sinten sejatosipun priya ingkang aruh-aruh, sinten namanipun, dalemipun pundi. Perkawis menika ndadosaken *Ego* rumaos penasaran, pengin ngertos ananging namung saged dipunpenggalih.

**j. Cubriya**

Cubriya inggih menika rumaos percaya utawi *sangsi* tumrap *kebenaran* utawi *kejujuran*ipun priyantun sanes. Priyantun ingkang cubriya rumaos bilihh piyambakipun ajrih menawi dipun*khianati*. Cubriya saged ugi ateges sampun rumaos bilihh wonten ingkang awrat babagan setunggal kahanan, perasaan, utawi polahipun priyantun sanes. Raos cubriya ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini ketingal saking pethikan menika.

> *"Ya. Matur nuwun ya Yu, aku dikaruhake," tembunge Darmini sing kelair beda karo batine, "Santai-santai apa. Atiku ora karu-karuwan jare. Ning rak ora prayoga ngendher-endherake alane bojo sing durung mesthi. Piye-piye kae calon bapakne anakku jare."*

Saking pethikan ing inggil menika ketingal bilihh Darmini raos manahipun boten tenang sasampunipun wonten tamu putri ingkang piyambakipun boten nate tepang, Darmini rumaos bilihh garwanipun gadhah sipat ala ingkang piyambakipun ugi dereng mangertosi. Sanadyan wonten ing polatanipun tetep nedahaken raos tenang, saha Darmini rumaos boten prayogi menawi nyariosaken alanipun garwa ingkang dereng mesthi. *Ego* ingkang ndadosaken Darmini gadhah raos cubriya tumrap garwanipun.

**k. Bingung**

Bingung ateges kuwur manahipun boten mangertos menapa ingkang bakal dipunlakoni (Poerwadarminta, 1939: 45). Priyantun ingkang bingung ketingal

susah polatanipun amargi boten mangertos kedah kados pundi. Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* ingkang nedahaken bilihh paraga Darmini rumaos bingung ketingal saking pethikan ing andhap.

> *"Wah, upama awake dhewe keconggah ngopeni Harti kuwi ya luwih utama," Darmini ngetokake panemune, "Haning, katone awake dhewe ki ya mung pas-pasan, mangka arep duwe butuh gedhe kanggo nglairake. Piye Mas?" (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Pethikan menika nyariosaken pepenginanipun Darmini kangge ngopeni Harti ananging Darmini ugi rumaos bilihh piyambakipun kaliyan Salim mung pas-pasan satemah Darmini kuwur kados pundi leresipun. *Ego* ndadosaken Darmini rumaos bingung.

### 3. Andharan Bab *Faktor* ingkang Njalari *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Setunggal *konflik* tuwuh ing pagesangan manungsa mesthi mawon wonten jalaranipun. Ingkang njalari *konflik* saged saking *faktor eksternal*, kadosta saking priyantun sanes utawi lingkungan saha saking *faktor internal* inggih menika saking dhirinipun piyambak. Makaten ugi *konflik* ingkang dipunraosaken paraga Darmini mesthi wonten panyebabipun. Ingkang njalari tuwuhipun *konflik* tumrap paraga Darmini badhe kaandharaken ing andhap menika.

#### a. Salim ingkang Ketingal Beda

*Konflik psikis* awujud was sumelang dipunraosaken dening Darmini. Was sumelang inggih menika raos kuwatos. Ingkang njalari *konflik* inggih menika amargi sikapipun Salim ketingal beda, boten kados biyasanipun. Salim dados kemba wiwit kondur saking griya sakit. Darmini manahipun rumaos boten

karuwan kados wonten menapa-menapa tumrap Salim, rumaos was sumelang menawi Salim kagungan pacar malih wonten Kaliurang. Jalaran menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *"Hem, pancen Mas Salim iku bagus, nyatane dhek samana ya akeh wanita sing ngesir. Nanging, Panjenengane rak wis milih aku ta?" Nggagas nggon kuwi Darmini tangane ngelus-elus wetenge sing wis gedhe lan sikile sing cilik siji.*
>
> *"Apa salahku Mas? Kok rasaku ra karuwan gek ana apa? Kenapa saploke bali saka Rumah Sakit Bethesda Panjenengan dadi kemba, Mas? Apa ana Kaliurang kagungan pacar? Ora bakal!! Kuwi dudu watakmu. Nanging, banjur apa salahku lan apa sebabe kok Panjenengan ora kaya sing uwis?" (Wedhus Gembel Gunung Merapi:1)*

Darmini rumaos boten tenang, gelisah kenging menapa Salim dados makaten. Darmini ngantos kuwatos menawi piyambakipun gadhah lepat kaliyan Salim ananging piyambakipun boten sadhar kaliyan lepatipun. Sikap Salim ingkang beda menika ingkang njalari tuwuhipun *konflik* was sumelang.

**b. Salim Mlebet Griya Sakit**

Panyebab sanesipun ingkang njalari Darmini rumaos was sumelang inggih menika nalika Salim mlebet griya sakit amargi pikantuk alangan nalika saweg makarya ing Kaliurang. Darmini kuwatos babagan kawontenanipun Salim ingkang astanipun kenging samber pisone Mbok Nah. Jalaran menika kaserat wonten ing pethikan menika.

> *Pranyata mulih saka rumah sakit Pak Marto merlokake mampir Dongkelan dhisik, sanadyan ngalang tambah ongkos. Mbok Marto lan Darmini ngerti larah-larahe Salim kena alangan kanthi luwih cetha. Mung kaya apa rupane Pak Duryat lan kahanane, Pak Marto ora ngerti, jalaran emoh niliki. Dikandhani Salim tumindake Pak Duryat marang Mbok Nah, Pak Marto trima ora weruh wonge. Darmini sing lagi nggagas bojone mung meneng wae. Nanging Mbok Marto sing dhong jalarane tumindake bojone mung meneng wae. Rasa kuwi cumithak neng ati, jalaran dheweke kepaksa nampa kahanane Mbok Marto kang wis isi.*

> *Bengi kuwi Darmini klisikan angel olehe bisa turu. Sanadyan olehe pisah karo bojone lagi sewengi, rasane wis suwe banget. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:118).*

Pethikan menika nedahaken nalika Pak Marto ingkang tindak dhateng griya sakit rumiyin kondur lajeng nyariosaken kados pundi alangan ingkang dipunlampahi Salim. Darmini boten nggagas cariyosipun Pak Marto, piyambakipun namung nggagas garwanipun kados pundi kawontenanipun ngantos sewengi boten saged sare amargi rumaos kuwatos.

**c. Menawi Kaluwarganipun Salim boten Sarujuk tumrap Darmini ingkang badhe Dipunajak Salim Gesang Bebrayan**

Raos was sumelang ugi dipunraosaken Darmini amargi piyambakipun kuwatos menawi kulawarganipun Salim boten sarujuk tumrap piyambakipun ingkang badhe dipunajak Salim gesang bebrayan. Darmini kuwatos kaluwarganipun Salim boten sarujuk amargi kawontenanipun Darmini ingkang cacat. Jalaran menika ketingal saking pethikan ing andhap.

> *"Iya, nanging rak nek calone iku normal. Bareng aku. Yen mlaku wae kethingklangan ngene. Mengko nek Bapak lan Simbok ora setuju, utawa aku dicecenges, apa maneh dicecengkring adhi-adhimu, wah rak sengsara uripku," Darmini maitake rembuge.* (Wedhus Gembel Gunung Merapi:39).

Darmini rumaos minder babagan samparanipun ingkang cacat boten kados wanita normal limrahipun. Jalaran makaten Darmini kuwatos menawi kaluwarganipun Salim boten sarujuk.

**d. Darmini badhe Ketabrak Montor**

*Konflik psikis* sanes ingkang dipunraosaken Darmini inggih menika kaget, was sumelang, saha kesengsem. Satunggaling panyebab Darmini rumaos makaten inggih menika nalika Darmini badhe ketabarak montor wonten iringan Toko

Ramai. Wekdal menika Darmini saweg nyabrang mangidul lajeng wonten montor ingkang badhe nabrak, ananging saged dipunrem. Perkawis menika ketingal saking pethikan menika.

> *Pikirane Darmini saya nglambrang adoh, kelingan dhek ketemu sepisanan ana iringan Toko Ramai ing Beskalan, Yogya. Nalika iku Darmini lagi mlaku mulih bebarengan karo kancane sakgaweyan, padha dene pelayan toko. Lagi arep nyabrang mangidul, ndadak ana Honda Astrea direm sakanyange. Kanca-kancane wis padha mlayu tekan pinggir. Darmini sing pincang isih ana tengah dalan. Atine wis entek, mendah dadi apa awake, yen kelakon ketabrak tenan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Saking pethikan menika nyariosaken nalika Darmini badhe ketabarak montor. Darmini rumaos kaget nalika wonten montor dipunrem ndadak amargi badhe nabrak piyambakipun. Lajeng Darmini rumaos kuwatos utawi was sumelang menawi montor wau saestu nabrak piyambakipun. Darmini boten saged mbayangaken kados pundi kawontenanipun menawi saestu ketabrak ngengiti samparanipun ingkang cacat saengga boten saged mlayu banter kados kanca-kancanipun. Ananging kajaba raos kaget saha kuwatos, Darmini ugi rumaos kesengsem amargi saking kadadosan menika Darmini sepisanan kepanggih kaliyan Salim ingkang narik kawigatosanipun.

**e. Rayinipun Salim ingkang Nyawang Lampahipun Darmini kanthi Premati Sanget**

Nalika Darmini dipunajak Salim sowan dhateng kaluwarganipun Salim, pisanan kepanggih rayi-rayinipun Salim Darmini mandhap saking taksi kanthi lampah ingkang kethingklangan. Rayi-rayinipun Salim anggenipun nyawang ngantos premati sanget. Babagan menika ingkang nyebabaken Darmini ngraosaken *konflik psikis* awujud raos ajrih saha isin. Perkawis menika ketingal saking pethikan ing andhap.

*Tekan omahe Salim, Mbokne wis mulih saka pasar. Ana taksi mandheg adhi-adhine Salim padha metu, Salim lan Darmini metu saka taksi. Kethingklang-kethingklang Darmini nyedaki adhi-adhine Salim. Rasane ora karu-karuwan. Disawang karo adhine Salim ngono kuwi Darmini kaya diblejeti awake. Atine Darminikari samenir, kikuk, isin, lan wedi dadi siji. Mula raine katon rada pucet. Nyawang kahanan ngono kuwi Salim tanggap. Sauwise mbayar taksi, tangane Darmini digandheng nggon ndhuwur sikut kanthi kenceng. "Ayo mlebu ngomah, kae adhiku wis padha ngenteni." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:66).*

Saking pethikan ing inggil ingkang ndadosaken Darmini rumaos ajrih saha isin ngantos pasuryanipun pucet inggih menika menawi piyambakipun dicecenges dening rayi-rayinipun Salim amargi nyawang lampahipun Darmini ingkang kethingklangan.

**f. Warti Sowan Dhateng Dalemipun Darmini**

*Konflik psikis* awujud ajrih saha kaget dipunraosaken dening Darmini nalika Warti, wanita ingkang dados kancanipun Salim sowan dhateng dalemipun Darmini. Darmini rumaos ajrih saha kaget sebabipun dereng nate tepang kaliyan Warti ugi boten mangertos menawi Warti kancanipun Salim. Jalaran menika kaandharaken wonten ing pethikan menika.

*Darmini kang nalika samana barengan tanggane saka blanja ing warung dadi mak tatrap neng ati, jalaran durung tau weruh tamune.*

*"Sapa ya kae Yu Kardi? Aku kok kaya durung tau weruh je. Wong ala apa apik?" mangkono tembung kang kawetu saka lambene Darmini marang tanggane.*

*"Ha iya embuh Dhik Dar, aku ya durung tau weruh. Wong ngendi ya? Ya kana Dhik gek ditemoni," wangsulane Yu Kardi, tanggane Darmini.*

*"Ayo Yu, aku dikancani. Aku ijen je," panjaluke Darmini.*

*"Ah, jireh tenan! Mengko wae tak sambangi yen aku wis nyelehake blanjan iki," Yu Kardi mulih karo nyawang tamune Darmini saka kadohan.*

*"Tenan ya Yu, aku njaluk tulung," karo omong ngono Darmini enggal mlebu plataran omahe. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:83).*

Saking pethikan menika, ketingal bilihh Darmini rumaos kaget saha ajrih nalika Warti mertamu, ananging Darmini dereng mangertos sinten sajatosipun Warti menika.

**g. Darmini Didumuk Cacatipun dening Kardi**

Sedhih saha duka ugi wujud *konflik psikis* ingkang dipunraosaken paraga Darmini. *Konflik psikis* menika tuwuh jalaran wonten faktor panyebabipun. Satunggaling panyebabipun inggih menik amargi Darmini dipundumuk cacatipun dening Kardi nalika Darmini badhe ketabrak. Perkawis menika saged ketingal saking pethikan ing andhap.

> *"Arep nyabrang ki nyawang kiwa tengen dhisik! Unine sing numpak Honda Astrea karo sereng, "Aja ngelingi yen sikile pincang rak wis taktekadi tenan mau."*
>
> *Dheg, atine Darmini rumangsa kesenggol didumuk cacate. Mripate mbrambangi nyawang sing arep nabrak. Tratap mripate sing mbonceng uga lagi nyawang Darmini. Ambyar sakathahing rasa dadi sawalang-walang, kaget, mangkel, susah, isin, nanging kesengsem. Sapandhurat Darmini ora bisa ngucap. Eluh sing arep netes ing mripate gage diusapi. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Saking pethikan ing inggil nyariosaken raos sedhih saha duka paraga Darmini nalika didumuk cacatipun dening priyantun ingkang nyetir montor inggih menika Kardi nalika badhe nabrak Darmini ingkang cacat.

**h. Warti Ketingal Gadhah Sesambetan kaliyan Salim**

Panyebab sanes ingkang njalari *konflik psikis* sedhih ingkang dipunraosaken paragatama inggih menika nalika Darmini rumaos bilihh Warti gadhah sesambetan kaliyan Salim ingkang piyambakipun dereng mangertos sesambetan menika awujud menapa. Jalaran menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *Sawise Siti ora ketok, gage Salim nyedaki bojone, "Ana apa ta Dhik Dar, kok ana mendhung ki, sajake ora kaya adate?"*

> *"Jane ya ana apa-apa. Mau ana tamu nggoleki Mas Salim," omong ngono Darmini wiwit kembeng-kembeng, wasana mak brol eluhe ora kena dibendung. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87).*

Saking pethikan menika ketingal Darmini sedhih ngantos nangis, jalaran rumaos Salim boten jujur babagan sesambetan anatawisipun Salim kaliyan Warti.

**i. Pak Duryat Nilar Darmini kaliyan Simbokipun Nalika Darmini Taksih Alit**

Sanadyan Darmini boten mangertos menawi Pak Duryat menika sajatosipun bapakipun, ananging Pak Duryat kanthi boten kangsung tetep ndadosaken Darmini ngraosaken *konflik psikis* awujud sedhih. Darmini rumaos sedhih nalika bapakipun nilari Darmini kaliyan Simbokipun wiwit Darmini taksih alit. Jalaran menika ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *"Iya. Apa panjenengan kepengin tekan nggonaku? Omahe ndhelik, genah omah randha. Neng omah mbokku mung karo adhiku lanang, isih sekolah ana SMP. Iku wae jare dudu adhiku tunggal bapa biyung. Ah, katone olehe omah-omah mbokku kurang bahagia. Bapakku dhisik jare ninggal lunga. Bareng bapake adhiku sing jane ya gemati karo aku, ndadak seda dhisik," Darmini nyritakake kahanane kanthi swara sing angles, sajak ngrasakake kahanane sing ora nyenengake. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:36).*

Pethikan menika nedahaken *konflik* sedhih ingkang dipunraosaken Darmini amargi dipuntilar dening bapakipun saha ngantos samenika boten mangertos sinten bapakipun ingkang sejatosipun inggih menika Pak Duryat.

**j. Salim Nyawang Darmini**

Nalika Salim kaliyan Darmini sepisanan kepanggih lajeng Salim nyawang Darmini sesarengan Darmini ugi saweg nyawang Salim, saking kadadosan menika ugi njalari Darmini ngraosaken *konflik psikis* awujud kaget, isin, saha gugup. Pethikan ingkang nedahaken bilihh nalika Salim kaliyan Darmini sawang

sinawang lajeng nuwuhaken konflis *psikis* awujud kaget, isin, saha gugup inggih menika.

> *Dheg, atine Darmini rumangsa kesenggol didumuk cacate. Mripate mbrambangi nyawang sing arep nabrak. Tratap mripate sing mbonceng uga lagi nyawang Darmini. Ambyar sakathahing rasa dadi sawalang-walang, kaget, mangkel, susah, isin, nanging kesengsem. Sapandhurat Darmini ora bisa ngucap. Eluh sing arep netes ing mripate gage diusapi. ... (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

> *... Bareng tekan pinggir, Darmini noleh memburi, tempuk maneh mripate karo sing mbonceng Honda. Dhuer, geter pater sing padha kesetrum. Huh, saya goreh ora karuwan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Pethikan menika ketingal ingkang njalari *konflik* kaget saha isin nalika Salim kaliyan Darmini tempuk pandhang.

> *... Bareng sawijining dina, Darmini ditinggal kancane jalaran Darmini lagi nanggung ngladeni wong tuku, Darmini bali ijen. Tekan mburi Toko Ramai ana sing ngundang, "Dhik Dar, Dhik Darmini."*
> *Darmini noleh, "Gandrik! La kok ngerti jenengku." Atine kumesar, ndhredheg. Atine banjur ditata, sikile sing pincang nerusake laku. Nanging ya genah kalah cepet karo lakune wong normal. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:5).*

Dene pethikan ing inggil nedahaken *konflik* gugup ingkang dipunraosaken Darmini.

**k. Mbok Marto Rawuh ing Griyanipun Darmini Sajak wonten ingkang Wigatos**

*Konflik psikis* awujud kaget sanesipun dipunjalari nalika Mbok Marto rawuh ing griyanipun Darmini sonten-sonten ketingalipun wonten ingkang wigatos. Pranyata leres wonten pawarta ingkang wigatos kangge Darmini saking bok Marto. Menika ketingal saking pethikan menika.

> *Siti lan Darmini padha kaget weruh mbokne teka sore-sore sajak wigatos. Saka sithik Darmini dikandhani kahanane Salim. Karepe mono arep ndang tilik bojone, mung wae dipenggak karo mara tuwane. Wusana banjur*

> *diputusake olehe padha tilik sesuk mangkat jam 09.00 esuk. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:118).*

Pethikan menika nedahaken Darmini ngraosaken *konflik* kaget jalaran mireng pawarta saking Mbok Marto bilihh Salim pikantuk alangan ngantos dibeta ing griya sakit.

**l. Salim Nantang Darmini ingkang Kepengin Mangertos Alesan Salim Ngajak Gesang Bebrayan**

Darmini ngraosaken *konflik* duka ingkang salah satunggal jalaranipun nalika Salim Nantang Darmini ingkang Kepengin Mangertos Alesan Salim Ngajak Gesang Bebrayan. Saged ketingal saking pethikan menika.

> *"Kowe kepengin ngerti apa, takona! Tak wangsuli Yayi," Salim mangsuli kanthi rada ndhagel.*
> *Darmini dadi anyel, "Ya pepak. Jare njenengan ngajak urip bareng aku? Nadyan sikilku pincang? Nanging aku ora kepengin rumah tanggaku pincang bab apa wae," Darmini ngetokake atine. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:36).*

Saking pethikan menika nedahaken Darmini rumaos anyel amargi dipuntantang dening Salim. Salim rumaos sampun mangsuli tumrap sedaya pitakenan saking Darmini.

**m. Darmini Tersinggung Nalika Mangertosi Bilihh Warti Namung Kepengin Sumerep Piyambakipun**

Panyebab sanesipun parga Darmini ngraosaken *konflik* duka inggih menika nalika mangertosi bilihh ancasipun Warti sowan dhateng griya namung kepengin sumerep piyambakipun. Babagan menika ketingal saking pethikan ing andhap.

> *"Kuwi rak akale Bu Warti sing arep weruh Dhik Dar, wong jane ya wis beres," Salim nerangake.*
> *"Arep weruh aku. Tontonan apa aku ki? Mulakna olehe nyawang lehku mlaku kethingklangan sajak piye ngono." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:90).*

Saking pethikan ing inggil ketingal bilihh Darmini duka amargi rumaos tersinggung kaliyan ancasipun Warti.

**n. Tumindakipun Pak Duryat ingakang Sak Penake Piyambak**

*Konflik* Duka ingkang dipunraosaken Darmini ugi tuwuh jalaran tumindakipun Pak Duryat ingkang sak penake piyambak. Jalaran menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *"Sing jeneng Pak Duryat ki kaya ngapa ta Mas? Wong kok le sak enake dhewe," Darmini banjur nyawang Salim kanthi mesra lan nglendhot neng pundhake Salim. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Pethikan menika nedahaken raos duka Darmini tumrap Pak Duryat nalika sampun mangertosi tumindakipun Pak Duryat ingkang gadhah nama kathah saha remen dolanan wanita.

**o. Nalika Darmini kepanggih Salim Sepisanan**

Darmini ngraosaken kesengsem minangka wujud *konflik psikis* ingkang dipunjalari amargi kepanggih kaliyan Salim. Darmini rumaos kepincut tumrap Salim wiwit sepisanan kepanggih nalika Darmini badhe ketabrak montor ingkang dipunboncengi Salim. Babagan menika saged ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *Dheg, atine Darmini rumangsa kesenggol didumuk cacate. Mripate mbrambangi nyawang sing arep nabrak. Tratap mripate sing mbonceng uga lagi nyawang Darmini. Ambyar sakathahing rasa dadi sawalang-walang, kaget, mangkel, susah, isin, nanging kesengsem. Sapandhurat Darmini ora bisa ngucap. Eluh sing arep netes ing mripate gage diusapi. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Pethikan ing inggil nedahaken Darmini rumaos kesengsem, kepincut dhateng Salim nalika sepisanan kepanggih.

### p. Darmini Dereng Mangertos Sinten Menika Salim

Paragatama Darmini ugi ngraosaken *konflik psikis* awujud penasaran. Faktor panyebab saking *konflik* menika inggih menika amargi Darmini dereng mangertos sinten menika Salim nalika nembe sepisanan kepanggih. Amargi rumaos kepincut lajeng Darmini kepengin ngertos sejatosipun Salim menika sinten. Perkawis menika ketingal saking pethikan menika.

> *Tekan ngomah Darmini legeg-legeg, yen rupane genah ora pangling, priya sing aruh-aruh mau sing mbonceng Honda kae, nanging jenenge sapa, omahe ngendi, gek kandha yen saben sore ngadhang kuwi njur nyambut gawe nyambut gawe apa? Judheg muyeg ning ora wani kumecap. Kabeh mung dibatin. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:6).*

Pethikan menika nedahaken *konflik* penasaran paraga Darmini tumrap paraga Salim. Darmini kepengin ngertos sinten menika Salim, ananging rumaos boten saged menapa-menapa, saha rumaos judheg, saengga sedayanipun namung dipunpenggalih.

### q. Warti Madosi Salim

Nalika Warti sowan kangge madosi Salim, perkawis menika ugi dados faktor panyebab tuwuhipun *konflik psikis* paragatama Darmini. *Konflik psikis* menika awujud cubriya. Cubriya inggih menika raos boten percaya tumrap kabecikan utawi kahanan setunggal priyantun. Ingkang njalari tuwuhipun *konflik* cubriya menika adhedhasar kaliyan niatipun Warti badhe kepanggih kaliyan Salim amargi ngendikanipun badhe nyuwun asiling bisnis kala emben. Darmini rumaos boten ngertos ingkang dipunmaksud dening Warti salajengipun dados tuwuh raos cubriya. Jalaran menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *Sing nggoleki wadon, jenenge Warti, omahe kidul. Kidul ngendi embuh ora blaka. Jare arep njaluk dhuwit, olehe dhek emben digunakake…,*

> *sakteruse aku ora dhong,” omongane Darmini pedhot-pedhot ora cetha, “Kuwi genahe piye ta, Mas? Katone ana barang ala sing Mas Salim ora terus terang karo aku.” (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87).*

Saking pethikan ing inggil menika nedahaken bilihh Darmini cubriya bilihh wonten samubarang ala ingkang Salim boten jujur tumrap Darmini. Cubriya menika jalaran saderengipun wonten Warti ingkang sowan dhateng Darmini.

**r. Harti, Lare Alit ingkang Dipuntilar Simbokipun Mlebet Penjara**

Harti inggih menika larenipun Mbok Nah ingkang nyebabaken Salim mlebet griya sakit. Nalika Mbok Nah saweg *mempertanggung jawabaken* kalepatanipun wonten pihak ingkang *berwajib*, Harti boten wonten ingkang njagi. Ananging wonten ingkang purun mbiyantu inggih menika Pak Garda. Mangertosi babagan menika, Darmini ingkang rumaos senasib kaliyan Harti lajeng dados memelas kaliyan Harti. Darmini kepengin saged mbiyantu Harti kanthi niat ngopeni Harti. Ananging lajeng Darmini rumaos bilihh kawontenanipun kaliyan Salim ugi pas-pasan saengga tuwuh *konflik psikis* awujud bingung. Menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *“Wah, upama awake dhewe keconggah ngopeni Harti kuwi ya luwih utama,” Darmini ngetokake panemune, “Haning, katone awake dhewe ki ya mung pas-pasan, mangka arep duwe butuh gedhe kanggo nglairake. Piye Mas?” (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Saking pethikan ing inggil menika nedahaken Darmini ingkang bingung antawisipun niat sae ingkang badhe mbiyantu Harti kaliyan kahanan gesangipun ingkang boten nyekapi kangge mbiyantu Harti, lajeng nyuwun pirsa dhateng Salim minangka garwanipun, saenipun kados pundi.

## 4. Andharan Bab Caranipun Ngadhepi *Konflik Psikis* Paragatama Wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* Anggitanipun Suci Hadi Suwita

Watak saben paraga wonten ing setunggal cariyos beda-beda. Watak ingkang beda menika dados satunggaling panyebab tuwuhipun *konflik*. *Konflik* wonten satunggaling cariyos menika mbetahaken *penyelesaian* supados langkung narik kawigatosanipun pamaos saha kangge mungkasi alur cariyos. Watak paraga ingkang beda menika ugi ndadosaken cara kangge ngadhepi *konflik* saben paraga beda. Cara anggenipun ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipuntindakaken dening paragatama Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita menika boten sedaya saged dipunpungkasi, amargi wonten *konflik psikis* ingkang boten dipunrembag cara anggenipun ngadhepi.

Wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita menika wonten pinten-pinten cara anggenipun ngadhepi *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paragatama Darmini. Cara ingkang dipuntindakaken dening paraga Darmini inggih menika *regresi, apatis, represi,* asikep *rasional, agresi,* kanthi mlebet wonten ing donya khayal *(fantasi)* saha *pengalihan*. Cara-cara menika badhe dipunandharaken wonten ing andhap menika.

### a. *Regresi*

*Regresi* wonten kalih interpretasi babagan *regresi*, inggih menika *regresi retrogressive behavior* saha *primitivation*. *Retrogressive behavior* inggih menika tumindaking manungsa ingkang kados lare alit, nangis, saha manja supados pikantuk kawigatosan saking priyantun sanes. Dene *primitivation* inggih menika

nalika priyantun ingkang sampun dewasa asikep kados priyantun ingkang boten trep kaliyan budaya saha boten saged ngontrol dhirinipun saengga boten wirang gelut kaliyan priyantun sanes. *Mekanisme pertahanan ego regresi*dipunginakaken dening paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang awujud sedhih.

*Konflik psikis* sedhih ingkang dipunraosaken paraga Darmini nalika Salim nyuwun pirsa babagan kahanan sasampunipun Warti mertamu. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *"Sawise Siti ora ketok, gage Salim nyedaki bojone, "Ana apa ta Dhik Dar, kok ana mendhung ki, sajake ora kaya adate?"*
> *"Jane ya ana apa-apa. Mau ana tamu nggoleki Mas Salim," omong ngono Darmini wiwit kembeng-kembeng, wasana mak brol eluhe ora kena dibendung. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87).*

Nalika Salim taken menapa polatanipun Darmini kados priyantun ingkang sedhih, Darmini nalika badhe mangsuli pitakenanipun Salim sampun wiwit kembeng-kembeng, wasana dereng jangkep anggenipun mangsuli Darmini nangis, eluhe boten saged dibendung. Darmini ingkang saderengipun rumaos sedhih lajeng nedahaken raos sedhihipun menika kanthi nangis amargi boten saged nahan malih. Pramila Darmini milih kangge nangis supados Salim purun nyariosaken kados pundi perkaranipun ingkang leres. Darmini ingkang nangis ing sangajengipun Salim menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *regresi*.

**b.** ***Apatis***

*Apatis* inggih menika *reaksi* saking *frustasi* awujud raos apatis kanthi cara narik dhiri saha pasrah. *Mekanisme pertahanan apatis* dipunginakaken dening paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud kaget saha was sumelang.

*Konflik psikis* kaget saha was sumelang ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini amargi Darmini badhe ketabrak montor. Perkawis menika saged ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *Pikirane Darmini saya nglambrang adoh, kelingan dhek ketemu sepisanan ana iringan Toko Ramai ing Beskalan, Yogya. Nalika iku Darmini lagi mlaku mulih bebarengan karo kancane sakgaweyan, padha dene pelayan toko. Lagi arep nyabrang mangidul, ndadak ana Honda Astrea direm sakanyange. Kanca-kancane wis padha mlayu tekan pinggir. Darmini sing pincang isih ana tengah dalan. Atine wis entek, mendah dadi apa awake, yen kelakon ketabrak tenan. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:2).*

Nalika semanten Darmini badhe nyabrang lajeng ndadak wonten montor ingkang badhe nabrak Darmini. Ananging montor wau saged dipunrem saderengipun kalampahan nabrak Darmini. Wekdal menika Darmini rumaos kaget saha was sumelang menawi piyambakipun saestu ketabrak. Darmini lajeng rumaos boten saged tumindak menapa-menapa jalaran samparanipun ugi ingkang kirang saengga Darmini namung saged pasrah. Darmini ingkang rumaos kaget saha was sumelang lajeng saged pasrah menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *apatis*.

**c. *Represi***

*Represi* inggih menika *mekanisme pertahanan ego* ingkang paling kiyat saha wiyar. Tugas *represi* inggih menika nyurung medal *impuls -impuls id* ingkang boten dipuntampi, saking alam sadhar wangsul ing alam bawah sadhar. Ancas saking *mekanisme pertahanan ego* menika kangge menekan (*repress*) utawi nyurung *impuls -impuls* ingkang ngancam supados saged medal saking alam sadhar. *Represi* dipunginakaken dening paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud kaget, penasaran, cubriya, saha ajrih.

*Konflik psikis* kaget ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini amargi kepanggih malih kaliyan Salim ingkang sampun mangertos babagan piyambakipun. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *Bareng sawijining dina, Darmini ditinggal kancane jalaran Darmini lagi nanggung ngladeni wong tuku, Darmini bali ijen. Tekan mburi Toko Ramai ana sing ngundang, "Dhik Dar, Dhik Darmini."*
>
> *Darmini noleh, "Gandrik! La kok ngerti jenengku." Atine kumesar, ndhredheg. Atine banjur ditata, sikile sing pincang nerusake laku. Nanging ya genah kalah cepet karo lakune wong normal. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:5).*

Darmini rumaos kaget nalika dipunceluk dening priya ingkang kala emben bonceng montor ingkang badhe nabrak Darmini. Darmini kaget amargi heran bilihh priya wau sampun mangertos namanipun Darmini sanadyan dereng nate guneman saderengipun. Nemahi kahanan menika, Darmini rumaos bilihh kedah tetep tenang lajeng piyambakipun nata manahipun. Darmini ingkang saged nahan raos dheg-dheganipun nalika kepanggih malih kaliyan priya ingkang ndadosaken Darmini kesengsem nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* .

*Konflik psikis* penasaran ingkang dipunraosaken dening paragatama Darmini amargi dereng mangertos sinten menika Salim saengga Darmini kepengin ngertos. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paragatama Darmini.

> *Tekan ngomah Darmini legeg-legeg, yen rupane genah ora pangling, priya sing aruh-aruh mau sing mbonceng Honda kae, nanging jenenge sapa, omahe ngendi, gek kandha yen saben sore ngadhang kuwi njur nyambut gawe nyambut gawe apa? Judheg muyeg ning ora wani kumecap. Kabeh mung dibatin. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:6).*

Darmini rumaos penasaran tumrap Salim ingkang sampun damel piyambakipun kesengsem. Ananging Darmini rumaos boten saged tumindak menapa-menapa, namung saged mbatin mawon. Nglampahi kahanan menika Darmini namung saged menggalih raos penasaranipun. Darmini ingkang nahan raos penasaranipun amargi boten saged tumindak menapa-menapa nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* .

*Konflik psikis* ajrih ingkang dipunraosaken dening paragatama Darmini amargi wonten tamu ingkang dereng nate tepang sowan dhateng dalemipun. Tamunipun inggih menika Warti. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *Darmini kang nalika samana barengan tanggane saka blanja ing warung dadi mak tatrap neng ati, jalaran durung tau weruh tamune.*
>
> *"Sapa ya kae Yu Kardi? Aku kok kaya durung tau weruh je. Wong ala apa apik?" mangkono tembung kang kawetu saka lambene Darmini marang tanggane.*
>
> *"Ha iya embuh Dhik Dar, aku ya durung tau weruh. Wong ngendi ya? Ya kana Dhik gek ditemoni," wangsulane Yu Kardi, tanggane Darmini.*
>
> *"Ayo Yu, aku dikancani. Aku ijen je," panjaluke Darmini.*
>
> *"Ah, jireh tenan! Mengko wae tak sambangi yen aku wis nyelehake blanjan iki," Yu Kardi mulih karo nyawang tamune Darmini saka kadohan.*
>
> *"Tenan ya Yu, aku njaluk tulung," karo omong ngono Darmini enggal mlebu plataran omahe. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:83).*

Darmini ingkang rumaos ajrih lajeng nyuwun dikancani dening Yu Kardi, tangganipun. Ananging Yu Kardi milih kangge mangsulaken blanjanipun rumiyin wonten dalem. Kanthi makaten Darmini rumaos kedah wantun nemahi tamunipun rumiyin. Darmini ingkang saged nahan raos ajrihipun menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* .

*Konflik psikis* cubriya ingkang dipunraosaken dening paragatama Darmini amargi Warti sowan wonten dalem madosi garwanipun, Salim. Darmini cubriya

bilihh Salim kaliyan Warti gadhah sesambetan ingkang piyambakipun boten mangertosi. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *“Ya. Matur nuwun ya Yu, aku dikaruhake,” tembunge Darmini sing kelair beda karo batine, “Santai-santai apa. Atiku ora karu-karuwan jare. Ning rak ora prayoga ngendher-endherake alane bojo sing durung mesthi. Piye-piye kae calon bapakne anakku jare.” (Wedhus Gembel Gunung Merapi:85).*

Darmini ingkang wekdal menika rumaos boten kepenak manahipun sasampunipun Warti sowan wonten dalemipun Darmini. Darmini rumaos cubriya tumrap sesambetanipun Warti kaliyan garwanipun. Ananging Darmini rumaos bilihh raos cubriyanipun tumrap garwanipun dereng mesthi leres, saengga Darmini langkung milih mendel mawon, nahan raosipun ingkang boten kepenak. Darmini ingkang milih kangge nahan raos cubriyanipun menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi* .

**d. Asikep *Rasional***

Asikep *rasional* kadadosan menawi motif nyata saking tumindak setunggal priyantun boten saged dipuntampi dening ego. Motif nyata kasebut dipungantos kaliyan motif sanens minangka pembenaran. Asikep *rasional* gadhah kalih ancas, inggih menika kangge ngirangi raos kuciwa nalika boten saged nggayuh ancas ingkang dipunkajengaken saha maringi motif ingkang saged dipuntampi dening tindak-tanduk. *Mekanisme pertahanan ego* awujud asikep *rasional* dipunginakaken dening paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud cubriya.

*Konflik psikis* cubriya ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini amargi kadosipun wonten barang ingkang Salim boten jujur tumrap Darmini. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *Sing nggoleki wadon, jenenge Warti, omahe kidul. Kidul ngendi embuh ora blaka. Jare arep njaluk dhuwit, olehe dhek emben digunakake…, sakteruse aku ora dhong," omongane Darmini pedhot-*pedhot ora *cetha, "Kuwi genahe piye ta, Mas? Katone ana barang ala sing Mas Salim ora terus terang karo aku." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:87).*

Darmini nyariosaken babagan tamu ingkang sowan wau dhateng Salim. Tamunipun wau madosi Salim badhe nyuwun arta. Dene babagan menika Darmini boten paham sejatosipun arta menapa lajeng menapa Warti nyuwun dhateng Salim. Amargi makaten lajeng Darmini rumaos cubriya tumrap Salim. Supados Darmini mangertosi menapa ingkang sejatosipun, pramila piyambakipun nyuwun pirsa dhateng Salim, nyuwun panjelasan. Darmini kepengin Salim jujur babagan Warti. Tumindakipun Darmini kanthi nyuwun pirsa dhateng Salim kangge ngicalaken raos cubriyanipun menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud asikep *rasional*.

**e.** ***Agresi***

*Agresi* wonten ingkang awujud langsung (*direct aggression*) saha *pengalihan* (*displaced aggression*). *Agresi* langsung inggih menika *agresi* ingkang dipunandharaken kanthi langsung dhateng priyantun utawi objek ingkang dados sumber *frustasi*. *Agresi* langsung saged awujud *verbal* saha *fisikal*. *Agresi* ingkang dipunalihaken inggih menika priyantun nglampahi *frustasi* ananging boten saged ngungkapaken kanthi langsung dhateng sumber *frustasi*nipun. *Mekanisme*

*pertahanan ego* awujud *agresi* dipunginakaken dening paragatama Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang awujud duka saha bingung.

*Konflik psikis* duka ingkang dipunraosaken dening paraga Darmini amargi Salim nantang piyambakipun ingkang kepengin ngertos alesan Salim pengin ngajak gesang sareng. Perkawis menika saged ketingal saking pethikan ing andhap menika.

> *"Kowe kepengin ngerti apa, takona! Tak wangsuli Yayi," Salim mangsuli kanthi rada ndhagel.*
> *Darmini dadi anyel, "Ya pepak. Jare njenengan ngajak urip bareng aku? Nadyan sikilku pincang? Nanging aku ora kepengin rumah tanggaku pincang bab apa wae," Darmini ngetokake atine. (Wedhus Gembel Gunung Merapi:36).*

Darmini rumaos anyel amargi Salim malah ndhagel nalika Darmini saweg serius. Kanthi makaten Darmini medalaken raosipun kanthi langsung taken dhateng Salim menapa ingkang dados kepenginanipun utawi langsung nyuwun pirsa menapa ingkang kepengin dipunmangertosi. Caranipun Darmini medalaken raosipun kanthi langsung menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi*.

*Konflik psikis* awujud duka sanesipun inggih menika nalika Darmini mangertosi ancasipun Warti sowan wonten dalem namung badhe weruh saha ngertos ingkang dados semahipun Salim. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *"Kuwi rak akale Bu Warti sing arep weruh Dhik Dar, wong jane ya wis beres," Salim nerangake.*
> *"Arep weruh aku. Tontonan apa aku ki? Mulakna olehe nyawang lehku mlaku kethingklangan sajak piye ngono." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:90).*

Nalika Salim ngandharaken bilihh ancasipun Warti namung badhe weruh Darmini, Darmini lajeng rumaos tersinggung. Darmini medalaken raos tersinggungipun kanthi langsung dhateng Salim. Darmini ngendika menapa piyambakipun tontonan ngantos Warti kepengin weruh piyambakipun. Ngendikan menika ingkang nedahaken bilihh Darmini rumaos duka amargi kesinggung. Darmini ingkang medalaken raos boten narima kanthi langsung menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi*.

*Konflik psikis* bingung ingkang dipunraosaken dening paragatama Darmini amargi mangertosi kahanan Harti, kepengin mbiyantu ananging rumaos boten mampu. Perkawis menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *"Wah, upama awake dhewe keconggah ngopeni Harti kuwi ya luwih utama," Darmini ngetokake panemune, "Haning, katone awake dhewe ki ya mung pas-pasan, mangka arep duwe butuh gedhe kanggo nglairake. Piye Mas?" (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Darmini rumaos bingung amargi boten pikantuk panemu kangge mbiyantu Harti ingkang dipuntilar Simbokipun mlebet penjara. Lajeng, Darmini nyuwun pamanggih langsung dhateng Salim kados pundi kedahipun, dene miturut Salim bilihh Harti ndherek Pak Garda kangge sewetara. Cara Darmini ingkang nyuwun pirsa utawi nyuwun pamanggih saking Salim menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *agresi*.

**f. Mlebet wonten Donya Khayal *(Fantasi)***

*Fantasi* inggih menika cara kangge ngadhepi perkawis ingkang kathah. Kadhang kala amargi saking kathahipun *konflik* ingkang dipunlampahi dening setunggal priyantun, lajeng piyambakipun madosi solusi kanthi cara mlebet

wonten ing donya khayal, solusi ingkang adhedhasar *fantasi* katimbang realitas. *Mekanisme pertahanan ego* awujud *fantasi* dipunginakaken dening paragatama Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang awujud isin saha ajrih.

*Konflik psikis* isin saha ajrih menika dipunraosaken paraga Darmini kanthi sesarengan, inggih menika nalika Darmini dipunajak Salim sowan dhateng kaluwarganipun Salim. Darmini rumaos isin saha ajrih amargi disawang rayi-rayinipun Salim amargi lampahipun kethingklangan. Darmini rumaos ciut manahipun. Wonten ing andhap menika pethikan ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini.

> *Tekan omahe Salim, Mbokne wis mulih saka pasar. Ana taksi mandheg adhi-adhine Salim padha metu, Salim lan Darmini metu saka taksi. Kethingklang-kethingklang Darmini nyedaki adhi-adhine Salim. Rasane ora karu-karuwan. Disawang karo adhine Salim ngono kuwi Darmini kaya diblejeti awake. Atine Darmini kari samenir, kikuk, isin, lan wedi dadi siji. Mula raine katon rada pucet. Nyawang kahanan ngono kuwi Salim tanggap. Sauwise mbayar taksi, tangane Darmini digandheng nggon ndhuwur sikut kanthi kenceng. "Ayo mlebu ngomah, kae adhiku wis padha ngenteni." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:66).*

Darmini rumaos ciut manahipun, isin, ajrih nalika lampahipun ingkang kethingklangan disawang rayi-rayinipun Salim. Ananging, Salim ingkang mangertosi kahanan menika lajeng tanggap, Darmini digandheng kanthi kenceng. Sasampunipun digandheng Darmini lajeng rumaos pikantuk kekiyatan. Raosipun Darmini ingkang pikantuk kekiyatan menika sampun mlebet donya khayalipun Darmini. Adhedhasar *fantasi* menika Darmini rumaos saged ngadhepi *konflik psikis*ipun ingkang awujud isin saha ajrih. Cara ingkang dipunginakaken Darmini menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *fantasi*.

**g. *Pengalihan***

*Pengalihan* inggih menika *pengalihan* pangraos ingkang boten remen kaliyan objek dhateng objek sanes ingkang langkung trep. Cara *pengalihan* menika limrahipun dipunlampahi nalika wontenipun *impuls -impuls agresif* saged dipungantos minangka kambing hitam tumrap objek ingkang dados sumber *frustasi*. Paragatama Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *pengalihan* kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud duka.

*Konflik psikis* duka ingkang dipunraosaken paraga Darmini amargi mangertosi tumindakipun Pak Duryat ingkang sak penake piyambak. Perkawis menika saged ketingal saking pethikan menika.

> *Sing jeneng Pak Duryat ki kaya ngapa ta Mas? Wong kok le sak enake dhewe," Darmini banjur nyawang Salim kanthi mesra lan nglendhot neng pundhake Salim, "Tujune bojoku kuwi apikan, tanggung jawab,. Ora sugih, yaw is ben, ning aku wis mantep." (Wedhus Gembel Gunung Merapi:137).*

Darmini ingkang rumaos duka tumrap Pak Duryat lajeng ngalihaken raos dukanipun dhateng raos syukur kanthi nyawang saha ngalem garwanipun, Salim. Cara Darmini ingkang ngalihaken raos duka dhateng raos syukur menika nedahaken bilihh Darmini migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *pengalihan*.

Saking asiling panaliten saha pirembaganipun ingkang sampun kaandharaken ing inggil, panaliti saged paring panemu bilihh panganggit anggenipun nggarap perwatakan dalah psikologinipun *kompleks* sanget. Panganggit anggenipun nggarap perwatakan para paraga minangka satunggaling *cerminan* kapribaden awujud *cerminan* perilaku sae saha minangka hasrat saking panganggit. Minangka

*cerminan* perilaku sae amargi ngewrat piwulang moral kangge pamaos supados mangertos kados pundi tumindak becik ingkang saged dipuntuladhani saha kados pundi tumindak awrat ingkang boten pikantuk dipuntuladhani. Dene hasrat saking panganggit ketingal bilihh watak para paraga minangka asiling *kreasi kejiwaan* saha pamikiran panganggit wonten ing situasi setengah sadar lajeng dipundamel dados setunggal bentuk cariyos.

Panaliti ugi saged paring panemu bilihh citra paragatama Darmini inggih menika wanita karyawan toko ingkang ayu rupane sanadyan cacat Darmini tansah narima, asipat becik, prasaja, saha mandiri. Miturut asiling panaliten saha pirembaganipun, *novel WGGM* kalebet *novel* ingkang sae amargi saged *kompleks* anggenipun nyariosaken perwatakan paraganipun.

# BAB V
# PANUTUP

## A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunlampahi saged dipunpendhet dudutan kados mekaten.

1. *Perwatakan* ingkang dipungadhahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita inggih menika prasaja, sopan, *rendah diri*, pasrah, purun nggatosaken, rumaos eling, gampil paring pangapunten/ *pemaaf*, lugu, narima, gadhah raos *ingin tahu*, ngayomi/ ngemong, hormat, saged dipunpitados/ *amanah*, rumangsan/ *sadhar diri*, sregep, welas asih, ngertos balas budi, mboten pengin urus/ *masa bodoh*, nurut/ patuh, setya bekti. *Perwatakan* ingkang dipungadhahi dening paraga Darmini kathah dipundhorong saking struktur kapribaden *Ego*.
2. *Konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita wonten 11 wujud, inggih menika was sumelang, ajrih, sedhih, kaget, duka, isin, kesengsem, gugup, penasaran, cubriya, bingung. Sedaya *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini dipunsebabaken wontenipun dhorongan saking struktur kapribaden *Id*.
3. Perkawis ingkang njalari *konflik psikis* ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita wonten 18 perkawis, inggih menika Salim ingkang ketingal beda, Salim mlebet Griya Sakit, menawi kaluwarganipun Salim boten sarujuk

tumrap Darmini ingkang badhe dipunajak Salim gesang bebrayan, Darmini badhe ketabrak montor, rayinipun Salim ingkang nyawang lampahipun Darmini kanthi premati sanget, Warti sowan dhateng dalemipun Darmini, Darmini didumuk cacatipun dening Kardi, Warti ketingal gadhah sesambungan kaliyan Salim, Pak Duryat nilar Darmini kaliyan simbokipun nalika Darmini taksih alit, Salim nyawang Darmini, Mbok Marto rawuh ing griyanipun Darmini sajak wonten ingkang wigati, Salim nantang Darmini ingkang kepengen mangertos alesan Salim ngajak gesang bebrayan, Darmini tersinggung nalika mangertosi bilihh Warti namung kepengen sumerep piyambakipun, tumindakipun Pak Duryat ingakang sak penake piyambak, nalika Darmini kepanggih Salim sepisanan, Darmini dereng mangertos sinten menika Salim, Warti madosi Salim, saha nalika Harti, lare alit ingkang dipuntilar simbokipun mlebet penjara. Perkawis ingkang asring ndadosaken *konflik psikis* inggih menika perkawis ingkang dipunsebabaken dening Salim, garwanipun piyambak.

4. Cara kangge ngadhepi konflik psikis ingkang dipunlampahi dening paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita inggih menika ngginakaken *mekanisme pertahanan ego* ingkang wonten 7 wujud, inggih menika *mekanisme pertahanan ego regresi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik* was sumelang saha sedhih. *Mekanisme pertahanan ego apatis* dipunginakaken kangge ngadhepi konflik kaget saha was sumelang. *Mekanisme pertahanan ego represi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud kaget, duka, isin,

penasaran, ajrih saha cubriya. *Mekanisme pertahanan ego* asikep *rasional* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* awujud cubriya. *Mekanisme pertahanan ego agresi* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik psikis* ingkang awujud duka saha bingung. *Mekanisme pertahanan ego fantasi* inggih menika mlebet wonten donya khayal dipunginakaken paraga Darmini kangge ngadhepi *konflik psikis* isin saha ajrih. *Mekanisme pertahanan ego pengalihan* dipunginakaken kangge ngadhepi *konflik* duka. Anggenipun ngadhepi konflik psikis, parga Darmini asring migunakaken *mekanisme pertahanan ego* awujud *represi*.

5. Saking panaliten dhateng *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* dipunpanggihi bilihh citra paragatama Darmini inggih menika wanita ingkang ayu rupanipun sanadyan cacat Darmini tansah narima, asipat becik, prasaja, saha mandiri. *Ego* ingkang asring mangaribawani watak Darmini ingkang saged menggalih kanthi rasional. *Id* saking paragatama Darmini ingkang tumindak adhedhasar naluri dasar ugi mangaribawani tumrap *psikis* Darmini. *Superego* ingkang matesi solah bawanipun Darmini ingkang dipunpangaribawani dening *Id*. *Superego* ugi ndadosaken Darmini saged ngendhalekaken *ego* nalika badhe tumindak amargi *superego* menika minangka *pengontrol* dhiri paraga.

## ***B. Implikasi***

Panaliten menika ngrembag babagan *perwatakan*, wujud *konflik psikis*, perkawis ingkang njalari *konflik psikis*, saha cara ngadhepi *konflik psikis* paraga Darmini wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci

Hadi Suwita. Panaliten menika dipunkajengaken saged mbiyantu para pamaos karya sastra ngengingi *perwatakan* ingkang saged paring pangaribawa tumrap wujud *konflik psikis* saha cara anggenipun ngadhepi *konflik psikis* wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita.

## C. Pamrayogi

Adhedhasar saking dudutan saha implikasi wonten ing inggil, panaliti saged paring pamrayogi mekaten. Amargi ingkang dipuntliti namung sekedhik, saengga taksih kathah perkawis ingkang saged dipuntliti wonten ing babagan sastra. Perkawis menika umpaminipun, pangrembakaning kapribaden utawi pitutur wonten ing *novel Wedhus Gembel Gunung Merapi* anggitanipun Suci Hadi Suwita.

# KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2011. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

Endraswara, Suwardi. 2004. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

FBS. 2013. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.

Hidayah, Murniatun. 2013. Konflik Psikologis Paragatama Wanita Wonten Salebeting Cerbung Ara-ara Cengkar Tanpa Pinggir Anggitanipun Adinda AS ing Kalawarti Djaka Lodang Edisi 31 Juli-20 Nopember 2010. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.

Kurniawan, Andri. 2013. Konflik Psikologis Paragatama Wonten ing Novel Kadurakan Ing Kidul Dringu Anggitanipun Suparto Brata (Kajian Psikologi Sastra). *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.

Minderop, Albertine. 2013. *Metode Karakterisasi Telaah Fiksi*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

-------. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N. V.

Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.

Suwita, Suci Hadi. 2011. *Wedhus Gembel Gunung Merapi*. Yogyakarta: Elmatera Publishing.

Wulandari, Ari. 2013. Perwatakan Tokoh Utama Dalam Novel Cintrong Paju-Pat Karya Suparto Brata. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.

# *LAMPIRAN*

***Lampiran 1***

***Sinopsis Wedhus Gembel Gunung Merapi***

Paragatamanipun Darmini ingkang samparanipun pincang, ananging narik kawigatosanipun Mas Salim nalika montoripun ingkang dipunboncengi Mas Salim badhe nabrak Darmini ingkang boten saged mlampah rikat amargi samparanipun pincang wonten ing margi Malioboro. Makaten sepisanan nalika Darmini kaliyan Salim kepanggih wonten ing iringan Toko Ramai ing Beskalan, Yogya. Awit saking kadadosan menika, Darmini kaliyan Salim sangsaya rumaket anggenipun kekancan.

Saderengipun tepang kaliyan Darmini, Salim nate kesenggol donya pelanyahan. Pacar ingkang sepisanan kangge Salim inggih menika wanita ingkang langkung sepuh tinimbang Salim saha sampun kagungan garwa saha putra, Surtini namanipun. Nalika semanten Salim dados pegawai losmen ing kampung Sosrowijayan. Lajeng salim dados tepang kaliyan wanita pelanyahan sanesipun. Salim pikantuk samben dados *perantara* madosaken kanca turu tamu-tamu ingkang mbetahaken.

Salim rumaos sampun niyat serius badhe gesang bebrayan kaliyan Darmini. Salim ngajak Darmini sowan dhateng kulawarganipun Darmini ing Ndhogaten. Darmini gesang namung kaliyan simbokipun, Mbok Soma saha rayinipun, Darto. Sasampunipun sowan dhateng kaluwarganipun Darmini, lajeng Salim ngajak Darmini sowan dhateng kaluwarganipun Salim. Wonten bapakipun Salim sanadyan namung bapak sambung, Pak Marto, simbokipun Mbok Marto, rayinipun Salim, Kuwato, Suradi, saha Siti. Sepisanan kepanggih kaliyan

Darmini, Mbok Marto rumaos bilihh praenipun Darmini memper kaliyan setunggal priyantun, ananging boten dipungagas sanget. Kaluwarganipun Salim sarujuk tumrap niyatipun Salim kaliyan Darmini kangge gesang bebrayan. Sasampunipun rabi Darmini kaliyan Salim manggen wonten ing Dongkelan.

Setunggal dinten Gusti Allah paring pacoban. Nalika Darmini saking blanja, Darmini sampun ditengga tamu putri wonten emperan dalemipun. Tamunipun ngendika bilihh badhe madosi Mas Salim badhe nyuwun arta anggenipun ngginakaken kala emben. Darmini boten mangertos tumrap ingkang dipunngendikaken tamunipun. Darmini nyuwun pirsa arta ingkang dipunmaksud arta menapa, lajeng tamunipun balik taken menapa Darmini boten mangertos sambenipun Mas Salim. Darmini sangsaya geter anggenipun mirengaken. Barang Salim kondur saking makarya, Darmini nyariosaken bilihh wau wonten tamu, lajeng nyuwun pirsa dhateng garwanipun ingkang leres kados pundi kanthi polatan ingkang sedhih. Pungkasanipun, Salim nyariosaken bilihh kala emben saderengipun tepang kaliyan Darmini, Salim nate kesenggol donya pelanyahan. Salim gadhah samben dados *perantara* madosaken kanca turu tamu-tamu losmen ingkang mbetahaken. Mangertosi babagan menika Darmini lajeng ngengken garwanipun supados sambenipun dilereni mawon.

Awit makarya wonten losmen Sosrowijayan Salim pikantuk pangalembana saking Pak Garda, juragan ingkang gadhah losmen. Lajeng Salim pikantuk jejibahan kangge mandhegani losmen “Sari Asih” wonten Kaliurang. Salim manggen wonten Kaliurang kaliyan Mbok Nah saha Harti, putrinipun Mbok Nah. Mnok Nah menika ingkang ngurus pawon. Nate Salim taken babagan bapakipun

Harti. Mbok Nah anggenipun mangsuli malah kados priyantun ingkang saweg duka, kuciwa. Bapakipun Harti ninggalaken Mbok Nah ngaten mawon tanpa pamit nalika Mbok Nah taksih ngnadhut Harti. Sepisanan Salim kober namataken Harti, lha kok jebul bathuk saha alise Harti memper kaliyan Darmini. Nalika Salim, Mbok Nah kaliyan Harti saweg sami jagongan, kapunggel jalaran wonten tamu kakung pados penginapan. Tamunipun sampun setengah sepuh. Salim radi gumun tumrap polatanipun Mbok Nah nalika ingkang sajak gethem-gethem nalika wonten tamu kakung menika. Salim taken wonten menapa, Mbok Nah mangsuli boten menapa-menapa. Tamu menika namanipun Pak Duryat. Namataken Pak Duryat Salim rumaos bilihh bathuk lan alisipun Pak Duryat memper kaliyan Harti, menapa Pak Duryat bapakipun Harti, mula Mbok Nah uring-uringan. Enjingipun Mbok Nah ningali bilihh Pak Duryat maringi arta kangge Harti nalika badhe sekolah, Mbok Nah ketingal duka sanget. Mbok Nah sampun boten kiyat ngampet duka, lajeng kepanggih kaliyan Pak Duryat. Saking menika lajeng dipunmangertosi bilihh Harti leres larenipun Pak Duryat kaliyan Mbok Nah. Saking mangkele Mbok Nah ngantos nguncalaken peso marang Pak Duryat. Salim ingkang mireng wonten ingkang rame-rame, badhe misah jebul boten ngertos sangkaning bilahi, peso wau nyrempet astanipun Salim. Peso wau bablas ngenani Pak Duryat, banjur ambruk. Tujune Pak Garda ingkang gadhah losmen benjing menika mertinjo dhateng Kaliurang. Lajeng Salim saha PakDuryat dibekta dhateng griya sakit Bethesda. Pak Garda ugi lapor dhateng kantor polisi Sektor Pakem saperlu lapor perkawis ing losmen. Salim ngengken Pak Garda kangge ngabari kaluwarganipun.

Mireng kabar boten sae babagan Salim, kulawarga dados kuatir sanget. Sedaya kaluwarga gage pengin ningali kawontenanipun Salim. Mbok Soma dugi rumiyin wonten griya sakit. Sasampunipun nuweni Salim, banjur nuweni Pak Duryat. Kepanggih kaliyan Pak Duryat, Mbok Soma njerit, “Kang Darmono?”. Jebul Pak Duryat menika bapakipun Darmini ingkang nalika semanten namanipun Darmono. Salajengipun, Mbok Marto dugi griya sakit. Sasampunipun kepanggih Salim, banjur diajak Salim nuweni Pak Duryat. Mbok Marto kaget nalika kepanggih Pak Duryat ingkang dipunkenal kanthi nama Sarip. Jebul Salim ugi putranipun Pak Duryat. Salim ngendika dhateng Mbok Marto bilihh Harti saha Darmini ugi larenipun Pak Duryat, ananging Salim ngengken supados boten sisah dipuncariosaken dhateng sanesipun.

Nalika Salim sampun rumaos mantun, piyambakipun banjur tindak makarya malih wonten Kaliurang. Ananging, Darmini rumaos bilihh Mas Salim beda boten kados Mas Salim kados rumiyin. Salim kanthi pinter saged ngeyem-yemi Darmini. Mbok Marto ingkang boten kiyat nyimpen perkawis ageng menika lajeng gerah ngantos seda. Babagan Mbok Sunah sampun seminggu wonten tahanan Kantor Polisi, Salim kaliyan Pak Duryat nuweni. Salim saha Pak Duryat boten mrekarakaken Mbok Nah. Lajeng Pak Duryat kaliyan Mbok Nah balen, Salim ndherek bungah.

Sasi November 1994, Pak Duryat saha Mbok Nah ingkang samenika dados Bu Duryat dhateng wonten losmen “Sari Asih” kangge nostalgia. Salim pikantuk uleman manten saking dusun Turgo, tanggal 22 November 1994 siyang, mila Salim lajeng ajak-ajak Pak Duryat kangge kanca wonten margi.

Saweg enak-enak nyawang kaendahaning alam ingkang gumelar wonten perenging Gunung Merapi, wonten kaendahan sanes ingkang nggegirisi. Wedhus gembel Gunung Merapi ambyuk ing dusun Turgo sakiwa tengenipun. Griya ingkang katrajang sami kobong, mesthi mawon ingkang wonten salebeting griya sami gosong.

Salim saha Pak Duryat ingkang lenggah ngandhap wit boten saged nggiwar malih. Sanalika priyantun kekalih mlonyoh ketrajang awan panas Gunung Merapi.

"Pak, Pak Sarip. Kula Sali anak Sampeyan. Anake Surti saking Bangi. Pak, galo Simbok pun ngawe-awe ngajak awake dhewe, mangga gek digelak olehe tindak."

Pak Duryat ingkang sampun mlonyoh megap-megap taksih saged mangsuli. "Kowe anake Surti? Oh …, bener kuwi nak Salim? Teneh kowe ngrabi adhimu dhewe. Gusti Allah …, nyuwun ngapura … Oh …," les tanpa swanten.

*Lampiran 2*

***Tabel 1:*** Data Wujud Watakipun Paragatama wonten ing *Novel Wedhus Gembel Gunung Merapi*

| **No.** | **Pethikan Data** | **Kaca** | **Wujud watakipun** | ***Stuktur Kepribadian*** | | | **Kat.** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ***Id*** | ***Ego*** | ***Superego*** | |
| 1. | Darmini senenge menganggo sandhangan polos sarwa tuwa, kayadene biru, abang, wungu, soklat, sok-sok ireng. Potongane ya enak disawang, sopan nanging mantesi. Dhasar kulite kuning, nganggo klambi wernane sarwa tuwa malah nambahi cetha yen kulite resik. | 2 | Prasaja | | √ | | |
| | | | *Sopan* | | √ | | |
| 2. | Tekan pondhokane Darmini goreh, sawengi tansah klisikan. Panah asmara wis ngenani atine, ‘Kae mau gek sapa? Nyawang karo aku kok kaya ngana, ah masa iya…,” Tekan kene Darmini ora wani nerusake pikirane. Sikile sing rada cilik lan cendhak kawit dhek | 3 | *Rendah diri* | | √ | | |

Tabel Salajengipun

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | isih cilik kuwi dimek-mek, atine angles, brebel-brebel eluhe metu, “Wong cacat kaya aku gek sapa sing sudi ngambus.”<br>Suwe-suwe atine ditata, eluhe diusapi, banjur ngilo, disawang raine sing ayu. Ayang-ayang ana pangilon kuwi diajak guneman batin, “Dar, Darmini, aja gegedhen rumangsa! Wong ayu sing ora cacat wae okeh. Mosok iya kowe elek tur cacat disir Mas kae mau.” | | | | | | |
| 3. | Darmini ora nglegewa yen lakune tansah dietutake. Sanadyan sing mbonceng Honda dhek semana citrane tansah neng ati, nanging ora wani rasanan karo kancane. Dheweke wis pasrah, malah tansah mbudi daya ngilangake rerupan sing yen bengi tansah mlebu | 4 | Pasrah | | √ | | |

Tabel Salajengipun

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ing pangimpen. | | | | | | |
| 4. | “Matur nuwun Bu, kula dipungatosaken. Kula mboten menapa-menapa kok. Nuwun sewu kula tak adus rumiyin,” Darmini wangsulan karo menyat njupuk andhuk. | 6 | Sopan | | √ | | |
| 5. | Darmini mung ndhungkluk wae. Nanging omongane Salim iku digatekake tenan. Tangane sing kuning resik iku dolanan kacu ijo pupus ana ndhuwur meja. Nalika kuwi Darmini nganggo rok ijo tuwa tanpa gulon, mulane kacune ijo pupus. Pupure wis ilang, nanging raine isih tetep kuning resik ora nglenga. Lipstick jambon sing lamat-lamat iku isih ana tabete. | 9 | Purun nggatosaken | | | √ | |
| | | | Prasaja | | √ | | |
